ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№115 (23.523) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Москва щыхуэзащ УФ-м граждан зыхъумэжныгъэм и Iуэхухэмкiэ, къыззрымыкIуэ щытыкIэхэмкiэ къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министр Пучков В. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгуасэ Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжныгъэм и Iуэхухэмкiэ, къыззрымыкIуэ щытыкIэхэмкiэ, къыхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министр Пучков Владимир.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщхьэхухIащ Урысейм и МЧС-мрэ республикэм и унафэщIхэмрэ зэгурыIуэу зэрызэдгъэлажьэм къыхэкIыу ди щIыналъэм къыщыкъуэкI къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм, мафIэсхэм, транспортым пыщIа гуэзвэгъуэхэм я бжыгъэм эпымыууэ зэрыкIэрыхур. «Ди зэдзлажьэныгъэр щэсыпIэщ шынагъуэхэмрэ гуэзвэгъуэхэмрэ къэмыгъэхъунымкIэ Iэмалыщ Iэхэр зэтегъэувэнымкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ ящыхъумэнымкIэ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым псынщIэу зеужь, абы и экономикэм и зэфIэкIым хохъуэ, предприятхэр, щаухэр гъуэгуэхм, энергетикэм, связым, коммуникацэхэм заубгъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм, Налшык, Iуащхьэмахуэ лъапэ шынагъуэншагъэр гъэпсэу дунейпсо мардэхэм ефIэкIыу», - жиIащ Пучков Владимир.

КIуэкIуэ Юрий Урысейм и МЧС-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм зыщызэгъэпсэху туристхэм шынагъуэ къатемыгъахьэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхуэм папщIэ: «Туристхэм шынагъуэншагъэ къызэрагъэпэщ зи Iэщ1агъэм хуэIэкIуэлъакIуэ икIи зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ кьегъэлакIуэ гупым. Ди республикIэм зыщцызыгъэпсэхуэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ мэхъу икIи абы ущымыгуфIыкIыпIэ иIэкъым. Иужьрей илъэсищым къриубыдэу туристхэм я бжыгъэр гъэ хъэс процент 40-кIэ хохъуэ».

ЗэIущIэм щызэгурыIуащ МЧС-м и подразделенэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэхэр мафIэсхэр зэрагъэункIыфI, цIыхухэр къызэрагъэлI иджырей техникэмкIэ, Iэмэпсымэхэмкiэ къызэгъэпэщыным теухуауэ. Апхуэдэу къыхагъэщащ Iуащхьэмахуэ лъапэ щылажьэ кьегъэлакIуэхэм я улахуэм хущIагъуэну зэрамурадыр. «Апхуэдэ кьалэн зыхуэдгъэувыжащ. Республикэм и кьегъэлакIуэхэм дэ сыт и лъэныкъуэкIи дадэлэпыкъунущ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэми яхущIыдгъунущ», - къыгъэлъэгъуащ Пучков В. А.

ЛъэныкъуитIми къыхагъэщцыкъуэхуэкIащ Налшык кьалэм щыIэ «Дыгъафэ кьалэ» сабий академиемрэ егъэджэныгъэмкIэ проектхэр зэрыщагъэззэщIэнур МЧС-м и вузхэм республикэм и школхэр къэзыухахэм ящыщу ягъакIуэхэр нэхъыбэ зэращIынур. Дэ шынагъуэншагъэ къызэрэпэщIымкIэ Iэщ1агъэлIхэр кьыдомэщIэкI, абы къыхэкIыу ди щIалэхэм ящыщу Урысейм и МЧС-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэхэр нэхъыбэ зэрытщIынум дыхуэщIэкъуныщ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

«2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ и организацэхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIыр къэIэтыныбжь лэжьапIэ Iумыт пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэнымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ программэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м №111-ПП *Налшык къалэ*

«Урысей Федерацэм и субъектхэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ организацэхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIыр къэIэтыным, я ныбжьыр зэрынэсам е ныкъуэдыкъуэ зэрыхъуам къыхэкIыу страховой пенсэхэр зрат пенсионерхэу лэжьапIэ Iумытыжхэм хэхауэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыным, лэжьапIэ Iумытыж пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэным теуха я социальнэ программэхэр финансэхмкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м хъидигъэкIа унафэ №456-р гъэзэщIэн мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэщтэн мы унафэм щIыгъуэху:

«2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ и организацэхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIыр къэIэтыныбжь лэжьапIэ Iумыт пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэнымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ программэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу пенсионерхэу лэжьапIэ Iумытхэр компьютерым хуегъэджэныр 2017 гъэм къызэрызэрагъэпэщыну хабзэр.

2. «2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ и организацэхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIыр къэIэтыныбжь лэжьапIэ Iумыт пенсионерхэр компьютерым хуегъэджэнымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ программэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органу убзыхун Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкiэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьыззгъэпэщIынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэр.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительсвэм и Унафэщым и куэдзэ Ахъуэхъу Т. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Шэрэдж районым хьыхь Аушыджэр къуаужм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Шэрэдж районым хьыхь Аушыджэр къуаужм псэущхьэм хъущхьэрыIуэ уз кьеуэлIауэ къыззрыщахутам кьыхэкIыу, «Ветеринариемкiэ и Iуэхукiэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 24-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкiэ и управленэм №38/2-1181-м щIэту 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м къиГъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хъущхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Шэрэдж районым хьыхь Аушыджэр къуаужм и щIыналъэм щыщ Iыхьэу Журтым, Бэдракъым, ХьэщIыкIым я уэрамхэм, къуаужм и ищхьэрэ-къухьэпIэ гъунапкъэм я къуэхым къриубыдэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) махуэ 60 пIалъэкIэ щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщIыпIэ зэманым къриубыдэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгалъэгъуа щIыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхъм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кьрашыну, апхуэдэу я щIыналъэм унагъуэ псэущхьэхэмкIэ сату щащIыну хуит ящIыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкiэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдынымкIэ Iэщ1агъэлIхэр къыдомэщIэкI, абы къыхэкIыу ди щIалэхэм ящыщу Урысейм и МЧС-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэхэр нэхъыбэ зэрытщIынум дыхуэщIэкъуныщ»,- жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

4. Мы унафэм кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м №59-РГ

● Налшык къалэ

Бжьыхьэм зыхуагъэхьэзыр

Налшык и псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущ1апIэхэм бжьыхьэ-щIымахуэ пIалъэм зыхуагъэхьэзыр.

КъАлэ администрацэм и Iэтащхьэм и куэдзэ Тонконог Анатолий дыззрыщIигъэгъуэзамкIэ, иджыпсту щыщIэздзауэ псэупIэхэм, лжьапIэхэм, транспорт Iуэхущ1апIэхэм я щытыкIэр кьапщытэ, ныкъуэсаныгъэ щыIэхэр бжьыхьэр зэрымысу ягъэзэкIуэжьын хуэздзу.

«Кьапщтэмэ, илъэс блэкIам и Iэпэлъыгъэ пIалъэр тэмэму, къэхъуакIщ Iэлъпкъэ димыIэу кьетхьэлIащ. Мы гъэми ди Iуэхур ефIакIуэ мыхъумэ, нэхъ Iеинукъым. Ар я фIыщIэщ жэуапIныгъэ яхэлъу зи кьалэныр зыгъэзащIэ коммунальнэ Iэнатlэхэмрэ ныкъуэсаныгъэхэм кIэлъыплъ лжьакIуэхэмрэ», - жиIащ унафэщIым.

Кьапщтэмэ, коммунальщикхэм я Iуэхур тыншу пхужьIэнукъым. Псалъэм папщIэ, хуабэр зэрыкIуэ бжьамийхэм я процент 60-м кьакIунур кьакIуауэ апхуэдэщ. Абыхэм уахуэбгъэрыгъ хъуркъым, зэбгъэпэщыжьнри кьалэн щыкIукъым. Апхуэдэу лжьыгъэр кьалъахъэ зи унэ кIуэцIхэм кьыхэзыгъахьуэу хуабэр, псыр зрикIуэ бжьамийхэр хабзэм кьемызэгъуэу зытезыухуэхэм. Мы Iуэхуэхм ехьэлIа унафэ пыухыкIа кърагъэщтэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Пщэдей зауэ щыIащ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-р хэтынущ Урысейпсо фэеплъ Iуэхум.

МэкЪУАУЭГЪУЭМ и 21-м сыхьэт 22-м Урысей МВД-м и щIыналъэ Iуэхущ1апIэ псоми щекIуэкIынущ Хэку зауэшхэр кьыззрыхьейрэ илъэс 76-рэ зэрыкIуэм уегъэ «Пщэдей зауэ щыIащ» фэеплъ Iуэхур.

Республикэ МВД-м и лжьакIуэхэр, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ Iэнатlэхэм я ветеранхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр Налшык кьалэм щызэхуэсынущ Щ1ыхьым и мафIэ мыужьыхьым деж, фэеплъым пщIэ хуащIын, Хэку зауэшхэм и илъэсхэм ди щIыхухэм кьагъэлъагъуа лIыгъэмрэ хуахуагъэмрэ ягу кьагъэкIыжьын папщIэ.

Фэеплъ Iуэхур щиухым шэху уэздыгъэхэр пагъэнэнущ, фэеплъым деж ягъэтIылъынущ удз гъэгъахэр.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкiэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ

Кабалоев Заур

Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэрэ Кабалоев Зауррэ Урысейм и чемпионхэщ

● Хъыбар гуапэ

Мэкъуауэгъуэм и 15 - 18-хэм Владимир кьалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и чемпионат. Ди щIалэхэм абы фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи дыщэ медалу тIурэ жэзу щыIэ щызыIэрагъэхьащ.

ЗэХЬэЗэХУэМ и ятIэ махуэм дигъэгъуфIащ килограмм 85-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм хэта ныбжьыщIэхэм я дунейпсо чемпион **Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ**. И хьэрхуэрэгъу псори хигъащIэри, финалым ар щыхуэзащ Мордовием щыщ Салеев Евгений. Ар ныкъуэкъуэгъу лъэщт икIи 2014 гъэм екIуэкIа дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр щыщIэзыхьат. Абы щхьэкIэ кьызэримыкIуэтынур нэрылъагъуу Сосрыкъуэ бэнэн иригъэжащ икIи 2:0-у Салеевыр хигъащIэри, къэралым и чемпион хъуащ.

ЕтIуанэ махуэми Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм дыщэ медалыр зыIэрагъэхьащ. Ар зыхуэзэфIэкIар килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэхэм я деж щыбанэ, Уэзрэдж къуаужм щыщ **Кабалоев Заурщ**. Хьэлэмэтраща, абы финалым кьыщIэпэщIэувар Къуэдзокъуэм кIэух зэIущIэм щыхигъэщIам и къуэш Салеев Павелщ. Мыбдежми щынэхъ лъэщар Къэбэрдей-Балъкъэрым икIаращ. Ар 3:1-уэ и хьэрхуэрэгъумефIэкIащ икIи етIуанэ дыщэ медалыр ди республикэм къыхуихьащ.

Килограмм 80-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм жэзыр щызэпачыдыгат ди лъахэгъуэгу **Хьэкъул Азэмэтрэ Жангуразов Хъусейнрэ**. Адыгэ щIалэр нэхъ лъэщу кьыщIэкIащ икIи ещанэ увыпIэр абы лъысащ.

Дзэрэжэгъуэ кьыдатащ **Къуийцыкъу Ахьмэдрэ Мэхьэмэд Къантемыри**р. Зым килограмм 75-м нэс, адрейм килограмм 98-м нэблагъэ зи хьэлъагъэхэм я деж жэз медалхэр къыщахьащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

☸ Ди къуэш республикэхэм

«Лэжьыгъэм и ветеранхэм» къахохъуэ

МЕЙКЪУАПЭ. ***Адыгейм щекIуэкIащ «Лэжьыгъэм и ветеран» щIэр яфIащыным теухуа Iуэхум хэпльа комиссэм и зэIущIэ.***

АДЫГЕЙМ Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ комиссэм и унафэкIэ «Лэжьыгъэм и ветеран» щIэр хуагъэфащащ республикэм и цIыху 19-м. Къыхэдгъэщыщи, 2017 гъэр къызэрихьэрэ я Iуэхум теухуауэ комиссэм къыIэрихьащ дэфтэр 799-рэ. Абыхэм ящыщу 299-м «Лэжьыгъэм и ветеран» щIэр фIащащ.

Нэхъри зеубгъу

АБХЪАЗ. ***Урыседмрэ Абхъазымрэ зэрызэдалажьэм 2017 гъэм нэхъри зрагъэубгъунущ. Урыседм и хьэрычэтыщIэхэм Абхъазым ирагъашэ ерыскъыкIэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ нэхъыбэ хуунущ.***

IэнатlэкIэ къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. ***Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министр Аргун Мурат зэрыжиIамкIэ, иужьрей илъэсиплым республикэм промышленностым лэжьыгъэ IэнатIэщIэу 630-рэ къыщыззрагъэпэщащ. Мы гъэм иджыри 80-м щIигъум лэжьыгъэ ягъуэтынущ.***

АРГУНЫМ къызэрыхигъэщащи, промышленностым ехьэлIа инвестицэ проекти 10-р республикэм щыпхагъакI. ЛэжьапIэ IэнатIэмэр къызэрагъэпэщынущ «Фирма КавгоВКорпорейшин» ООО-м и проектым и япэ Iыхьэм и фIыгъкIэ. «Флора Кавказа» ОАО-м Карачаевск къыщызэIуихынущ фармацевт этил спиртрэ корвалолрэ къыщыщIагъкIыну Iуэхущ1апIэ. Республикэм иIэщ промышленнэ предприятэ 721-рэ, абыхэм цIыху мин 13-м щIигъу щолажь.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентым

Унэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэну щIыкIэр иджыри белджылыкъым

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкiэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ Iуэхуэхмкiэ и комитетым иригъэкIуэкIащ 2014 - 2043 гъэхэм тещIыхьа «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыным теухуауэ» республикэ программэр зэрагъэзащIэм щытепсэльыхьа зэIущIэ. Абы хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, депутатхэр, республикэ, район унафэщIхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, **Жанатаев Сэлим** къыхигъэщащ программэр тэмэму зэрагъэзащIэм цIыхухэм я псэукIэр зыхуэдэнур зэрельытар. «Мы зэманым сыт тхузэфIэкIар? Сыт хуэдэ гугъуехьхэм дыIуэрэ? Дауэ ахэр кьызэрызэдзнэкIынур? Мы упщIэхэрщ нобэ КъБР-м и Парламентым зэпкърихыну пщэрылъ зыщищIыжьыр», - жиIащ Жанатаевым.

Марьяш Иринэ зэрыжиIамкIэ, зэIущIэр унэхэр зей ТСЖ-м цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэзам тещIыхьауэ зэрыгъэпэщащ.

- Гугъуехьхэр кьеушэ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыным нэхъ мащIэ дыдэу хуэгъэува ахъшэр зытращIыкъар къазэрыгурымыIуэм, ар зэрыхалъхьэ Iэмалхэр зэрыгугъум, льготэ зиIэхэм ар къаугъэсбэпыфыным куэд зэрыпыщIам, программэм зэтемыхуэ Iуэхуэхэр зэрыхэтым, нэгъуэщIэхэми, - жиIащ Маршэ Иринэ. - ЦIыхухэм къащохьу унэхэр зэгъэпэщыжыным епха Iуэхугъуэ псомкIи щIыналъэ (регионалнэ) операторым и закъуэ жэуап ихьу. Ауэ апхуэдэукъым зэрыщытыр. А Iуэхум хэтщ «Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжьныкIэ щIыналъэ операторым» и лэжьыгъэр зыунэтI КъБР-м Ухуэныгъэмкiэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэмрэ гъэзэгуэ хозяйствэмкIэ и министерствэр, кьалэ, районым щIыпIэ администрацэхэр, унэхэр зейхэм я зэгугъэныгъэхэр. Мыхэр тэмэму зэрызэдзлажьэм елъытащ Iуэхум кьыпэкIуэнур.

Абы кьыхигъэщащ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа лжьыгъэр зыхуэдэнур тэмэму зэрымыгъэбелджылар, апхуэдэкъэбзэщ ахъшэр щатыну центр зэрыщымыIэр, щIыналъэ программэм хаз зэхалъхьэм теухуауэ щыIэ хабзэм хэпльэжьын, егъэфIэкIуэн зэрыхуейр. А ныкъусаныгъэхэр дгъэзэкIуэжьыну кьытпэщыльщ, - жиIащ депутатым.

«КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжьнымкIэ щIыналъэ оператор» Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Щоджэн Артур** зэрыжиIамкIэ, накъыгъэ мазэм ирихьэлIэу, процент 42-м нэсауэ аращ унэхэр зыхуей хуагъэзэным теухуауэ цIыхухэм ятын хуей ахъшэм щыщу кьыхэкIар. ЩыIэщ а бжыгъэр проценти 2-4-м нэхъ щыфIэмыкIа районхэри. Апхуэдэу абы кьыгъэлъэгъуащ Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн щIыналъэхэр.

- 2016 гъэр гугъуу щытащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, нэгъабэ гъэ 15-м, 2015 гъэм 7-м лэжьыгъэхэр къыщыздгъэпэщащ, - жиIащ Щоджэн Артур. - 2016 гъэм и закъуэ лифт 41-рэ зэтхъуэкIащ. Мыгъэрей программэм хьыкащ Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн кьалэ округхэмрэ Аруан, Май, Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ, Шэрдэжм, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Тэрч районхэмрэ, псори зэхэту абыхэм унэ 37-рэ щызэдгъэпэщыжынущ. Зэман кIэщIым зэфIэгъэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм мы гъэм текIуэдэнущ сом мелуан 89-рэ мин 246-рэ. Дэ ди кьэнэжащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм щIэсхэм зэхуахьэс я ахъшэр я зэманым кьызэрыдгъэсэбэпыпхъэ кьыщыгъэсэбэпыпхъэм зэрыхуэдэнэтIынрэ нэрылъагъу ящытщIыныр».

Налшык кьалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ кьуэдзэ Тонконог Анатолий тепсэльыхьащ республикэм и щIыхьэрым мы Iуэхум теухуауэ щыгъэзэкIуэкI лэжьыгъэм. Абы жиIащ 2015 гъэм фэтэр куэду зэхэт унэхэм лифтэр щызэхъуэжьыным сом мелуан 22,8-рэ зэрытрагъэкIуэдар, 2016 гъэм лифт 21-рэ зэрызэрахъуэкIащ. «2017 гъэм кьытпэщылъщ унэ 18-м я лифтхэр зэтхъуэкIыну, а Iуэхуэм сом мелуан 62-рэ ихьынущ. Налшык кьалэм дэт унэ зэтетхэм псоми зэхэту лифт 453-рэ щолажьэ. Абыхэм ящыщу 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ мы зэманым зэтхъуэкIам и бжыгъэр 157-рэ мэхъу. Дэ дыщогугъ зэрылажьэну пIалъэм фIэкIа лифт псори 2019 гъэ щIоindэ тхузэхуэкIыну», - жиIащ Анатолий.

ЗэIущIэм къыщыпсэльащ Прохладнэ кьалэ округым и щIыналъэм и Iэтащхьэ **Тараев Игорь**, Нарткъалэ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Батий Исмэхьил**, «Терем» ТСЖ-м и унафэщI **Тэрчокъуэ Любэ**.

Мы Iуэхуэхэм теухуауэ щIапхъэ къыщыцIэльэгъуа дэфтэр зэIущIэм къыщащтащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

НОБЭ

♦**Гидрографиемрэ дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ и министерствэм и кинолог Iуэхущ1апIэхэм я махуэщ**

♦**Франджым щагъэлъапIэ макъамэм и махуэр**

♦**Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэраухам и щIыхьклIэ илъэс къэзэрагъэпэщ, сабантуй зыфIаща махуэшхуэр Тэтэрстаным щагъэлъапIэ**

♦**Франджым щагъэлъапIэ макъамэм и махуэр**

♦**1907 гъэм** США-м и къыщызэрагъэпэщащ «Юнайтед Пресс Интернэшнл» хъыбарегъащIэ агентствэр.

♦**1915 гъэм** Кунцевэ къуажэ щыкIуэм (иджы Москва хохьэ) Малевич Казимир щитхащ дуней псом щафIэтельыдж хъуа и «Зэпэплимэ фIыцIэ» сурэтыр.

♦**1925 гъэм** Москва и уэрамхэм япэ таксихэр къыдыхьащ. Ахэр 16 хъурт, Франджым щащIа «Рено» автомобиль лIэужьыкIуэм щыщт.

♦**1948 гъэм** ФРГ-м къыщагъэсэбэпу хуежьащ валютэщIэр - нэмыцэ маркэр.

♦**1970 гъэм** Мексикэм и кьалащхьэ Мехико дэт «Ацтека» стадионым щызэхэтащ футболымкIэ дунейпсо чемпионатым и кIэух зэIущIэр. Абы чемпион щыхъуащ Бразилием и командэ къыхэхар, Италием и футболистхэм 4:1-уэ ятекIуэри.

♦**1974 гъэм** Волгоград къэрал университетыр къызэрагъэпэщащ.

♦Совет усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ, Ленинымрэ Сталинымрэ я цIэхэр зезыхьэу щыта саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, «Новый мир» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Твардовский Александр** къызэралъхуэр илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ кинормрэ я актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Золотухин Валерий** къызэралъхуэр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Пакистаным и премьер-министру щыта **Бхуттэ Беназир** къызэралъхуэр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей политик цIэрыIуэ, къэрал лжьакIуэ, 2010 гъэм къыщыщIэдзауэ Москва щалэрэ и Iэтащхьэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу, «Кино» рок-гупым и унафэщIу щыта, фильм зыбжанэм щыджэгуа **Цой Виктор** къызэралъхуэр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Журналист, «Московский комсомолец» газетым щылэжьа **Холодов Дмитрий** къызэралъхуэр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх къыщцекIухынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зы жьэм жьэдыхьэр жьищэм жьэдохьэ.

«2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1.«2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзэн икІи цІыхухэр щыгъуаз ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№700-П-П

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм накъыгъэм и 25-м

1 статья

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуамкІэ отчётыр къщэтэн мы къыкІэлъыкІуэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэр хэту:

1) Фондым и бюджетым и хэхъуэ псори сом мин 6617757,9-рэ, абы щыщу ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым къиутІыпща бюджет зэхуаку трасфертхэр сом мин 6456070,1-рэ хъуэу;

2) Фондым и бюджетым и хэщІхэр псори сом мин 6571427,9-рэ хъуэу;

3) Фондым и бюджетым и ахъшэу къыдэхуар сом мин 46330,0-уэ хъуэу.

2 статья

1) 2016 гъэм Фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам тещІыхьа мы къыкІэлъыкІуэ бжыгъэхэр къещтэн:

1) 2016 гъэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №91-м зэритым хуэдэу;

2) 2016 гъэм Фондым и бюджетым и хэщІхэр разделхэм, раздел къуэдзэхэм, статьи пыухыкІахэм, ахъшэр зытратэжІуэда Іуэхухэм ятещІыхьауэ зэрызэхэлъыр мы Законым и гуэдзэн №2-м зэритым хуэдэу;

3) 2016 гъэм Фондым и бюджетым хуримыкъуэ ахъшэр къызэгъэпэщынымкІэ хэкІыпІэу щытахэр мы Законым и гуэдзэн №93-м зэритым хуэдэу;

4) 2016 гъэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым къиутІыпща бюджет зэхуаку трансфертхэр зэрытратэгушар мы Законым и гуэдзэн №94-м зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м
№23-РЗ

- Аулият, КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэр сыт хуэдэ?

- Дауи, псом япэ идгъэщІыр лъэпкъ зэгурыІуэныгъэ, мамырыгъэр ди хэкум щыхъумэнырщ. КъищынэмыщІауэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зэттхэм ящыщщ цІыхубзым и пщІэр къэІэтыныр, псэукІэ екъэлІауэ, и Іуэху егъэфІэкІуэныр, лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ зыхуей хуэгъэзэныр. Анагъэр, сабиигъэр къигуэхыпІэ имыІэу епхащ а зи гугъу сщІы къаланэхэм.

Нобэ дызыхэпсэукІ лъэхъэнэ къапщтэмэ, цІыхубзыр сыт хуэдэ Іэнатіи пэрытщ. Ди республикэм и Іэтащхьэми мызэ-мытІэу къыхигъэщащ сэдэжныгъэ, щІэныгъэ, медицинэ Іэнатіэхэр нэхъыбэу цІыхубзхэм зэрызэрахьэр. Ухэплъэми, къэгъуэтыгъуейщ ахэр здэщыысІэ лэжьапІэ. Апхуэдэу жыджэру дэни щыпашэ пэтми, анэ псоми я къаланэр сабийр гъэсэныр щ, ар цІыху нэсу гъащІэм хэгъэуцэныр щ. Дэри а Іуэхум гулъытэ хэха хуэдощ икІи къыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэ къэгъэхъуным иужь дитщ.

Сыт хуэдэ цІыхуми и къежьапІэр унагъуэраш. Аращ абы гъащІэм хуиІэ епГыкІэри, дуней тетыкІэри, цІыху хэтыкІэри щызэригъащІэр, анэм и Іэпэр иІыгъыу ящ лъэбакъуэр зэричым хуэдэ дыдэу, сыт хуэдэ Іуэхуми хэзыгъэгъуазэр аращ. Адэкіэ сабий гъэсапІэм макІуэр, унагъуэм щигъуэта псори щІагъэбыдзжу ягъасэ, курыт школым балигъ гъащІэм щыхуаущий, щІэныгъэ щыгбгъадалъхьэ.

- Евгъэкіуэкі лэжьыгъэм и къежьапІэ хъужри аращ - жыла-гъуэ гъащІэм хэтдэтхэнэ цІыхубзэми езым и щхьэм къыщыщІедзэжу и сабийхэр зыхуей хуигъэзэныр щ, пэжым, фІым, дахэм хуиущиныр щ.

- Ар Іэмал зимыІэщ, уи щхьэ, уи унагъуэ къыщыщІымыдзэжмэ, жылагъуэм сыт яхэплъхьэфын, сыт хуэдэ щапхъэ бгъэлъагъуэу утыку укъиухьэн? Лъэпкъ хабзэм тету уи бн бгъэсныи Кавказым сыт щыгъуи гулъытэ щыхуащІу щытащ. Ахэрат ди щІэблэр адрейхэм къахэзыгъэщІыр. Нэхъыжьым пщІэ хуэщІныр, адэ-анэм я Іулыджыр Іыгъныр, лэжьыгъэм зыщымыдзеиныр ди лъэпкъ хьэлхэм ящыщу къызэлъытэ. Бзылъхугъэм, анэм и закъуэ и гугъу тщІы щхьэкІэ, цІыхухъум, адэм къаланэ нэхъ мащІэ и пщэ къыдэхуэрэкъым. НыжьжыщІэр щІыху зэпІэзэрыту къэхъуи папщІэ, адэм-анэм ящыщ я къару халъхьэн хуейщ, псом хуэмыдзу сабийр щІагъэ цІыкІумэ, адэм и щапхъэмрэ бгъэдилъхьэ Іущагъэныр куэд елъытащ. ЩІалэ цІыкІум, адэм, адэшхуэм щапхъэ зэрытрихыр хэт дежкІи гурыІуэгъуэщ. Апхуэдэу зэдегугъуу адэ-анэм зэдагъэса сабийр гъуэгу пхэнж техьэфынукъым, уеблэмэ, Іуэху мыхъумыщІэ гуэрым хашэну езым иныжьжэгъу иужь кьихьэми, ахэри къигъэдэІуэфынущ.

- Аулият, КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэр сыт хуэдэ?

- Дауи, псом япэ идгъэщІыр лъэпкъ зэгурыІуэныгъэ, мамырыгъэр ди хэкум щыхъумэнырщ. КъищынэмыщІауэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зэттхэм ящыщщ цІыхубзым и пщІэр къэІэтыныр, псэукІэ екъэлІауэ, и Іуэху егъэфІэкІуэныр, лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ зыхуей хуэгъэзэныр. Анагъэр, сабиигъэр къигуэхыпІэ имыІэу епхащ а зи гугъу сщІы къаланэхэм.

Нобэ дызыхэпсэукІ лъэхъэнэ къапщтэмэ, цІыхубзыр сыт хуэдэ Іэнатіи пэрытщ. Ди республикэм и Іэтащхьэми мызэ-мытІэу къыхигъэщащ сэдэжныгъэ, щІэныгъэ, медицинэ Іэнатіэхэр нэхъыбэу цІыхубзхэм зэрызэрахьэр. Ухэплъэми, къэгъуэтыгъуейщ ахэр здэщыысІэ лэжьапІэ. Апхуэдэу жыджэру дэни щыпашэ пэтми, анэ псоми я къаланэр сабийр гъэсэныр щ, ар цІыху нэсу гъащІэм хэгъэуцэныр щ. Дэри а Іуэхум гулъытэ хэха хуэдощ икІи къыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэ къэгъэхъуным иужь дитщ.

Сыт хуэдэ цІыхуми и къежьапІэр унагъуэраш. Аращ абы гъащІэм хуиІэ епГыкІэри, дуней тетыкІэри, цІыху хэтыкІэри щызэригъащІэр, анэм и Іэпэр иІыгъыу ящ лъэбакъуэр зэричым хуэдэ дыдэу, сыт хуэдэ Іуэхуми хэзыгъэгъуазэр аращ. Адэкіэ сабий гъэсапІэм макІуэр, унагъуэм щигъуэта псори щІагъэбыдзжу ягъасэ, курыт школым балигъ гъащІэм щыхуаущий, щІэныгъэ щыгбгъадалъхьэ.

- Евгъэкіуэкі лэжьыгъэм и къежьапІэ хъужри аращ - жылагъуэ гъащІэм хэтдэтхэнэ цІыхубзэми езым и щхьэм къыщыщІедзэжу и сабийхэр зыхуей хуигъэзэныр щ, пэжым, фІым, дахэм хуиущиныр щ.

- Ар Іэмал зимыІэщ, уи щхьэ, уи унагъуэ къыщыщІымыдзэжмэ, жылагъуэм сыт яхэплъхьэфын, сыт хуэдэ щапхъэ бгъэлъагъуэу утыку укъиухьэн? Лъэпкъ хабзэм тету уи бн бгъэсныи Кавказым сыт щыгъуи гулъытэ щыхуащІу щытащ. Ахэрат ди щІэблэр адрейхэм къахэзыгъэщІыр. Нэхъыжьым пщІэ хуэщІныр, адэ-анэм я Іулыджыр Іыгъныр, лэжьыгъэм зыщымыдзеиныр ди лъэпкъ хьэлхэм ящыщу къызэлъытэ. Бзылъхугъэм, анэм и закъуэ и гугъу тщІы щхьэкІэ, цІыхухъум, адэм къаланэ нэхъ мащІэ и пщэ къыдэхуэрэкъым. НыжьжыщІэр щІыху зэпІэзэрыту къэхъуи папщІэ, адэм-анэм я къару халъхьэн хуейщ, псом хуэмыдзу сабийр щІагъэ цІыкІумэ, адэм и щапхъэмрэ бгъэдилъхьэ Іущагъэныр куэд елъытащ. ЩІалэ цІыкІум, адэм, адэшхуэм щапхъэ зэрытрихыр хэт дежкІи гурыІуэгъуэщ. Апхуэдэу зэдегугъуу адэ-анэм зэдагъэса сабийр гъуэгу пхэнж техьэфынукъым, уеблэмэ, Іуэху мыхъумыщІэ гуэрым хашэну езым иныжьжэгъу иужь кьихьэми, ахэри къигъэдэІуэфынущ.

- Ди республикэм ис бзылъхугъэхэм, анэхэм, сабийхэм нэхъыбэу сыт я щыщІэныгъэ, сыт я гукъеуэ? Фэ зыкъыщыфхуагъаз щыІэ лъэІу гуэрхэмкІэ?

- Псом япэу, сигу щІэгъуу къыхэзгъэщынт, адэ-анэ зимыІэжу къанэ сабийхэр. Абыхэм я Іуэху нэхъ гугъуж щыхъуэр зеинщэхэр щапІ унэхэм къыщІэкІыурэ балигъ гъащІэм хэбжъуа нэужькІэщ. Сигу щІэныкъуэу сызыгъэпІейтейр жьы хъуахэр щапІыж унэхэм адэ-анэхэр зэрыратырщ, зи бын псэууэ, лажьэу-шэжу дунейм тет ди лъэпкъэгъуэхэм къэзылъхуахэр абы зэрашэрщ. Апхуэдэ хабзэ щыІакъыкІи зэм Кавказым, жьы хъуахэм якІэлъыпІлъыжьи сыт щыгъуи къагъуэтырт. Уеблэмэ, бын зимыІэхэр зыщыщ лъэпкъым япІыжу щытащ.

СыткІэ зыкъыфхуагъаззэрэ жыпІэмэ, зи узынщагъэм сэкъат иІэхэрауэ къыщІэкІынщ нэхъыбэу къыткъуэкІуэр. Хущъхуэ хъэныкъуэхэр, технологие нэхъ лъагэхэмкІэ зрагъэІэззэн хуейм, ныкъуэдыкъуагъ ябгъэдэлъмэ, абыкІэ тхылъ къыдэхьну хуеймэ… Ахэр зэфІэхьныр дэ ди къаланэным хьихьэу щымытми, районхэм щылажьэ къудамэхэм апхуэдэ Іуэху Іэджэ щызэфІагъэкІ администрацэхэр я щІэгъэкъуэну.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ гъащІэм жыджэру хэт, зи щхьэ Іуэху дзэзыгъэкІыжьыр, нэгъуэщІхэм ядэІэпыкъуф, нэгъуэщІхэм ядэІэпыкъуф, езым ищІэфыкІэ адрейхэм ядэгуэшэну зыхьэзфІэкІ бзылъхугъэхэр дызэриІэр. Анэм и махуэр, Сабийхэм я дунейпсо махуэр, нэгъуэщІ махуэхуэхэр куэдрэ щыналъэхэм къыщІэкІынущ. Ди хьэуам и гуакІуагъыр, ди удзхэм я щхъуантІагъыр къэ-рал псом къыщацІыхуу, зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэу апхуэдэщ. Аращи, дыврэзхъумэ а диІэ мащІэр, къабзагъэм дыхуэбгъэсакъ.

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щитхъаащІэрэ мы гъащІэм, сыт хуэдэ Іуэхухэр къыдихыу и къару, уэ зи гугъу пщІахэм нэмыщІ?

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрылажьэ хабзэм ипкъ иткІэ, дэ жэрдэм гуэрхэр диІэу республикэ унафэщІхэм захуэдгъэзэфынущ. Дэ районхэм, къалэхэм, къуажэхэм дыкІуэ зэпытщ, абы гугъуехь гуэр дыщрихьэлІамэ, цІыхубзхэр зыгъэпІейтей гуэрхэр къыдахьэлІамэ, ди Іэ кІыкІыр тщІэнущ, ауэ апхуэдэ Іуэхухэр нэхъ зыгъэкІуэтэфыр къэрал къулыкъущІапІэхэращи, район администрацэхэм етхьлІэнущ, адэкІэ республикэ унафэщІхэм я деж нэтхьэсыфынущ. Пенсэм, улахуэм, социальнэ льготэ гуэрхэм пщІа упщІэхэр куэдрэ къуэ, иныкъуэхэм дех хабзэхэр тхьлъыкІпІэм зэпкърыхауэ тет пэтми, иужь уихьамэ, и ІэззэщІэным кьиин куэд къыщыхэкІ щыІэщ. Мис абыхэмкІи дэІэпыкъуэгъу дохъу. Хабзэубзыху органым къыдигъэкІа законхэр лэжьэн папщІэ, цІыху кьиззэригъэкІхэм къагъэсэбэпыфын, яфІ зыхэлъхэр зыІэраГъэхьэфын папщІэ щІэгъэкъэн дыщыхьу куэдрэ къоху.

- Аулият, узиунафэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ къэрал властымрэ дауэ зэдэлажьэрэ?

- КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэр ЩІынальэпсо зэщІъеенныгъэм и зы къудамэу аращи, нэхъыбэу зи нэІэ дыщІэтыр аращ. Ауэ, щэч хэмылъу, ди республикэм и унафэщІхэм я гулъытэ дыщыщІэркъым, сыту жыпІэмэ, къихэтпхьэ Іэхуэхэр зэрыхэлъ. КъБР-м и Правительствэм и социальнэ проектхэм дыхэтщи, абыхэмкІэ мылъку къыпТэрыхьэурэ Іуэху щыхэфІэтх щыІэщ. КъыхэгъэщІыпхъэщ ди щІыхуэхэм я жумартагъри сэбэп къыхэзрытхуэхьур. Дэнэ щекІуэкІ Іуэхури апхуэдэ щІыху хьэлэлхэм яГъэберычэт, я ахъшэ, мылъку халъхьэри.

- Бзылъхугъэр нобэ сабий зыпІ анэщ, жьэгу пащхьэр зыхъумэ унэгуащэщ, Іуэхущ1апІэ псо зезыхьэхэри яхэтщ... Куэд къыпхуебжэкІынущ. Уэ узэрепльымкІэ, сыт бзылъхугъэм и къаланэ нэхъыщхьэр?

- Ар апхуэдизкІэ лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыубыдэф цІыхущи, си фІэщ хъуркъым, а къеббжэкІахэм ящыщу зы къаланэ закъуэ фІэкІа иужь имыту псэуфынукъым. Куэд хуэзфІокІ цІыхубзым. Ауэ, щэч къытумыхьэжу жыпІэ хъунущ абы и къаланэ нэхъыщхьэ дыдэр унагъуэ ихьэу сабий игъэтын, ипІын зэрыхуейр зэрыарар. Абы къыдэкІуэу езым и псэм фІэфІ, игу дыхьэ Іэщ1агъэ къыхихрэ абыкІэ зиужьыфмэ, насыпыфІэу плъытэ хъунущ. Нэхъыбэм зрагъэхъулІэф ахэр икІи зызрапщыта къаланэ псомэ пэлъэщу мэпсэуф.

- Фи мурадхэмкІэ укъыддэгуэшэн?

- Иджыблагъэ Москва щекІуэкІащ УФ-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и конференц ин. Абы хэтащ сенаторхэри, депутатхэри, федеральнэ министерствэхэм, ведомствэхэм я лЫкІуэхэри. А зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Лаховэ Екатеринэ куэдым тепсэлъыхьащ, ауэ Іупщу къызытеувыІар лъэпкъ зэнымыжьэгъуэгъэ, мамырыгъэр хъумэнырщ, хэкупсэ гъэсэныгъэр щІэблэм яхэлъхьэнырщ, унагъуэр, анагъэр, сабиигъэр дэІыгъынырщ, бзылъхугъэм, сабийхэм я хуитныгъэхэр хъумэнырщ. Ди зэгухьэныгъэм, зэрыжьІауэ, мы гъэм и лэжьыгъэр нэхъ зытегъэщІауэ щытыну сызыхуейр дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнырщ. Ар зы щІыпІэр зэ бгъэкъабзэкІэ зэфІэкІыу аракъым, атІэ цІыхур кьабзагъэм къыхуеджэн, хэзгъэІуущын хуейщи, си гугъэщ абы и лъэныкъуэкІэ зыгуэр тхузэфІэкІыну. КъыдэкІуэтей щІэблэм къыщалъхуа хэкур яхъумэу, мамырыгъэм хуэпабгъэу къэгъэхъуным мыхьэнэшхуэ иІэщ, зауэм и ветеранхэм, тылым и лэжьакІуэхэм яІуГъэщІэныр, гъащІэ пІалъэкІэ ныбжьыщІэхэм ядэгугъэшэныр щІэх-щІэхьыурэ къызэдгъэпэщыпхъэщ. ЩІыналъэхэм щыІэ Советхэм жыджэру дадэлажьэнырщ Іэмал зимыІэщ, дэтхэнэ районми езым и гугъуехьэхэр иІэжщи, абыхэм ди нэІэ ятедгъэтын хуейщ. ЩІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ кэд диІэщ, волонтёрхэр жыджэрщ - ахэри щІэгъэкъуэн къэтщІу дыздэлажьэмэ, ди гугъэ псори гъащІэм хэтпщэфыну къызэлъытэ.

Епсэлъар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Ди псэлъэгъуэр

Іэнатіэ псоми щыжыджэрщ

Бзылъхугъэм и къалэнхэм нэхъапэм хьыхьэу щытар нэхъ мащІэщ, иджырей лъэхъэнэм тепщІыхьмэ. Нобэ жьэгур зыгъэхуабэ, лъэпкъыр зыгъэбагъуэ унэгуащэхэм, щхьэгъусэхэм, анэхэм яхэтщ къэрал къулыкъ зезыхьэхэри, Іэнатіэ зэмылІэужьыкъуэ куэдым лэжьыгъэ щхьэпэ щызэфІэзыхэри. Абыхэм яхуэзфІокІ унагъуэми Іуэхущ1апІэми къащыпэщылъ къаланэхэр дахэу зэфІагъэкІыну, хуей хъумэ, лЫгъи къызыкъуахыну.

Ди хэгъуэгум и бзылъхугъэхэм я Іуэху дигъэкІыу, хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъуу, анэхэр, сабийхэр и нэІэ щІэту мэлажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэр. Абы и унафэщІ Къаскъул Аулият зыхуэдгъэзащІ я лэжьыгъэм и купщІэмрэ зэгухьэныгъэм и къаланэ нэхъыщхьэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.

Къаскъулыр Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэу мэлажьэ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къиуха жьэжьи, Пироговым и цІэр зезыхьэ МОЛГМИ-м и ординатурэм щеджащ, 1980 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэ пщІондэ КъБКъУ-м щригъэджащ. 2000 гъэ лъандэрэ поликлиникэм и унафэщІщ.

Аулият жэуаплныигъэ ин пылъу и лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, къыхиха Іэщ1агъэм игурэ и псэрэ етауэ зэрырилажьэр сымаджэхэм я закъуэкъым ЩІэзыльытар, атІэ республикэ псом къыщащІэныр хунэсащ. Ар квалификацэ нэхъыщхьэ зиІэ дохутырщ, КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутырщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, УФ-м Узынщагъэр хъумэныжрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм я щІыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщащ, ЩІыхьым и дамыгъэр къратащ, и цІэр «Урысейм и цІыху нэхъыфІхэр» щІэнгъуаззм иратхащ.

Къаскъул Аулият

щызэрагъэпэщри драгъэблагъэ. Дэ дахуоэз зи бын къэрал къулыкъу игъэзащІэу зэкІуэдахэм, бын куэд зиІэ анэхэм икІи ахэр зыгуэркІэ зэрыдгъэгушхуэным иужь дитщ. Бын куэд зыпІ анэхэм Іэмал имыІэу къэралыр ядэІэпыкъун хуейщ. ДызызхэпсэукІ зэманым зы сабий уПІынымрэ зыбжанэ зиІэр, дауи, гугъу емыхьу къанэркъым.

- Апхуэдэу махуэ къэс къыфІыкъуэкІ Іуэхуэхэм нэмыщІ, сыт хуэдэ къаланэхэр гъащІэм къыфхуигъэувРэ, е илъэсыр къыщыхьэкІэ фэ езым зэрылажьэ мардэ гуэрхэр щызэхэфхьэ щыІэ?

- Дэ сыт щыгъуи зэманым дызэрыдэбэкъуэным, абы къиГъэув зэхъуэкІыныгъэм дызэрылъэщІыхьэным, къэралым и пащхьэ къит Іуэхуэхэр зэхфІэкІынымкІэ сэбэп дызэрыхъуным иужь итщ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, мис 2017 гъэр Экологием и илъэсу игъэващ Урысей Федерацэм и Президентым. Дыкъэзыухъуреихь дунейр кьабзэу щытынымкІэ, ди лъахэм и дахагъыр тхъумэнымкІэ дэ жэуаплныигъэ ин дохь, ар дэтхэнэм дежи нэтхьэсыфын хуейщ. Дигу къэдгъэкІыжьынщи, нэхъапэм пщІантІэм и закъуэтэкъым ди анэзхуэхэм япхъэнкІыр, атІэ бжэІупэхэр, гъунэгъуу кьеуалІэ щІыпІэхэр яГъэкъабзэрт. Иджы ди уэрамхэмрэ губгъуэхэмрэ щытлъагъу пхъэнкІийм хуэдэ щыІакъым зэи. ЗэщІэзыкъуэм нэхъ-рэ къэзыуІэпІэр нэхъыбэщи, апхуэдэу зэи кьабзэлъабзэу дыщытыфынукъым. Аращи, дэ цІыхухэр кьызэщІэдгъэуІуэну, кьабзагъэм, дахагъэм хуэдэу щиину, хуэдунэтІыну ди кьаІэнщ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным мыхьэнэщхуэ иІэщ, нэм илъагъу мыхъумыщІагъэм и закъуэкъым абы кьиишэр, атІэ цІыхум и узынщагъэри абы елъытащ. КьищынэмыщІауэ, фэ зэрыфщІэщи, дэ ди щІыпІэр курортщ. Ди хьэуам и гуакІуагъыр, ди удзхэм я щхъуантІагъыр къэ-рал псом къыщацІыхуу, зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэу апхуэдэщ. Аращи, дыврэзхъумэ а диІэ мащІэр, кьабзагъэм дыхуэбгъэсакъ.

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щитхъаащІэрэ мы гъащІэм, сыт хуэдэ Іуэхуэхэр къыдихыу и къару, уэ зи гугъу пщІахэм нэмыщІ?

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрылажьэ хабзэм ипкъ иткІэ, дэ жэрдэм гуэрхэр диІэу республикэ унафэщІхэм захуэдгъэзэфынущ. Дэ районхэм, къалэхэм, къуажэхэм дыкІуэ зэпытщ, абы гугъуехь гуэр дыщрихьэлІамэ, цІыхубзхэр зыгъэпІейтей гуэрхэр къыдахьэлІамэ, ди Іэ кІыкІыр тщІэнущ, ауэ апхуэдэ Іуэхуэхэр нэхъ зыгъэкІуэтэфыр къэрал къулыкъущІапІэхэращи, район администрацэхэм етхьлІэнущ, адэкІэ республикэ унафэщІхэм я деж нэтхьэсыфынущ. Пенсэм, улахуэм, социальнэ льготэ гуэрхэм ящыщІэ упщІэхэр куэдрэ къуэ, иныкъуэхэм дех хабзэхэр тхьлъыкІпІэм зэпкърыхауэ тет пэтми, иужь уихьамэ, и ІэззэщІэным кьиин куэд къыщыхэкІ щыІэщ. Мис абыхэмкІи дэІэпыкъуэгъу дохъу. Хабзэубзыху органым къыдигъэкІа законхэр лэжьэн папщІэ, цІыху кьиззэригъэкІхэм къагъэсэбэпыфын, яфІ зыхэлъхэр зыІэраГъэхьэфын папщІэ щІэгъэкъэн дыщыхьу куэдрэ къоху.

- Аулият, узиунафэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ къэрал властымрэ дауэ зэдэлажьэрэ?

- КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэр ЩІынальэпсо зэщІъеенныгъэм и зы къудамэу аращи, нэхъыбэу зи нэІэ дыщІэтыр аращ. Ауэ, щэч хэмылъу, ди республикэм и унафэщІхэм я гулъытэ дыщыщІэркъым, сыту жыпІэмэ, къихэтпхьэ Іэхуэхэр зэрыхэлъ. КъБР-м и Правительствэм и социальнэ проектхэм дыхэтщи, абыхэмкІэ мылъку къыпТэрыхьэурэ Іуэху щыІэщ. КъыхэгъэщІыпхъэщ ди щІыхуэхэм я жумартагъри сэбэп къыхэзрытхуэхьур. Дэнэ щекІуэкІ Іуэхури апхуэдэ щІыху хьэлэлхэм яГъэберычэт, я ахъшэ, мылъку халъхьэри.

- Бзылъхугъэр нобэ сабий зыпІ анэщ, жьэгу пащхьэр зыхъумэ унэгуащэщ, Іуэхущ1апІэ псо зезыхьэхэри яхэтщ... Куэд къыпхуебжэкІынущ. Уэ узэрепльымкІэ, сыт бзылъхугъэм и къаланэ нэхъыщхьэр?

- Ар апхуэдизкІэ лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыубыдэф цІыхущи, си фІэщ хъуркъым, а къеббжэкІахэм ящыщу зы къаланэ закъуэ фІэкІа иужь имыту псэуфынукъым. Куэд хуэзфІокІ цІыхубзым. Ауэ, щэч къытумыхьэжу жыпІэ хъунущ абы и къаланэ нэхъыщхьэ дыдэр унагъуэ ихьэу сабий игъэтын, ипІын зэрыхуейр зэрыарар. Абы къыдэкІуэу езым и псэм фІэфІ, игу дыхьэ Іэщ1агъэ къыхихрэ абыкІэ зиужьыфмэ, насыпыфІэу плъытэ хъунущ. Нэхъыбэм зрагъэхъулІэф ахэр икІи зызрапщыта къаланэ псомэ пэлъэщу мэпсэуф.

- Фи мурадхэмкІэ укъыддэгуэшэн?

- Иджыблагъэ Москва щекІуэкІащ УФ-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и конференц ин. Абы хэтащ сенаторхэри, депутатхэри, федеральнэ министерствэхэм, ведомствэхэм я лЫкІуэхэри. А зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Лаховэ Екатеринэ куэдым тепсэлъыхьащ, ауэ Іупщу къызытеувыІар лъэпкъ зэнымыжьэгъуэгъэ, мамырыгъэр хъумэнырщ, хэкупсэ гъэсэныгъэр щІэблэм яхэлъхьэнырщ, унагъуэр, анагъэр, сабиигъэр дэІыгъынырщ, бзылъхугъэм, сабийхэм я хуитныгъэхэр хъумэнырщ. Ди зэгухьэныгъэм, зэрыжьІауэ, мы гъэм и лэжьыгъэр нэхъ зытегъэщІауэ щытыну сызыхуейр дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнырщ. Ар зы щІыпІэр зэ бгъэкъабзэкІэ зэфІэкІыу аракъым, атІэ цІыхур кьабзагъэм къыхуеджэн, хэзгъэІуущын хуейщи, си гугъэщ абы и лъэныкъуэкІэ зыгуэр тхузэфІэкІыну. КъыдэкІуэтей щІэблэм къащалъхуа хэкур яхъумэу, мамырыгъэм хуэпабгъэу къэгъэхъуным мыхьэнэшхуэ иІэщ, зауэм и ветеранхэм, тылым и лэжьакІуэхэм яІуГъэщІэныр, гъащІэ пІалъэкІэ ныбжьыщІэхэм ядэгугъэшэныр щІэх-щІэхьыурэ къызэдгъэпэщыпхъэщ. ЩІыналъэхэм щыІэ Советхэм жыджэру дадэлажьэнырщ Іэмал зимыІэщ, дэтхэнэ районми езым и гугъуехьэхэр иІэжщи, абыхэм ди нэІэ ятедгъэтын хуейщ. ЩІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ кэд диІэщ, волонтёрхэр жыджэрщ - ахэри щІэгъэкъуэн къэтщІу дыздэлажьэмэ, ди гугъэ псори гъащІэм хэтпщэфыну къызэлъытэ.

Епсэлъар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Фщ1эн папщ1э

Дэтхэнэ цІыхуми къегъэсэбэпыф

ЦІыхухэм я дежкІэ тынШкъым УФ-м и Бюджет кодексым, бюджетым теухуа хабзэхэр, абыхэм ехьэлІа ахъшэ зэхущытыкІэхэр зрагъэщІэн. Абы щыгъуэми, дэтхэнэри хуитщ къэралым жылагъуэм и пащхьэм зэщыхуигъэувыжа къаланэхэр зэригъэзащІэм, налог зытхэм я мылъкур къыззригъэсэбэп щыкІэм хэгъуэзэну.

МИС а щхьэусыгъуэм къыхэкІыу 2015 гъэм и кІэухым Къэбэрдей-Балъкъэрым елэжьын щыщІадзащ финанс документ тхылъ нэхъыщхьэм - КъБР-м и республикэ бюджетым теухуа закону напэкІуэцІ 1700-м щІигъур нэхъ тыншу кьыбгурызыгъаІуэр зэхалъхьэным.

Иджы Іэщ1агъэлІу щымытыр къыгурымыІуэ бжыгъэхэм ялъэхъэнукъым. «ЦІыхухэм я дежкІэ бюджет» тхылъ цІыкІур къызэІуахмэ, псэуныгъэм, школхэмрэ сымаджэщхэмрэ ухэунэм, муниципалитетхэм ядэІэпыкъуным, яГъэзащІэ программэхэр зэфІагъэкІыным хухаха мылъкур зыхуэдизыр зрагъэщІэфынущ. Налог зытхэми къэрал Іуэхутхьбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэми я дежкІэ бюджет ахъшэр здэкІуэр нэрылъагъуэ, абы фейдэуэ пылъыр зыхуэдизыр къагурыІуэу щытыпхъэщ. Апхуэдэу ящІэн хуейщ жылагъуэми, дэтхэнэ унагъуэми, цІыху щхьэхуэми пыухыкІауэ къахуихьыр.

ЩІхьэтечу жыпІэмэ, зи гугъу тщІы бюджетым зэпэплъытыну гугъу бжыгъэхэр гурыІуэгъуафІэ ещІ. ЦІыхухэр щыгъуазэ мэхъу бюджетыр зэрагъэзащІэ щыкІэм, хэхъуэхэмрэ хэщІхэмрэ зыхуэдизым, нэгъуэщІхэми.

«ЦІыхухэм папщІэ бюджетыр» студентхэми, педагогхэми, дохутырхэми, унагъуэщІэхэми хуэдэу къулыкъущІхэми, пенсионерхэми, КъБР-м и нэгъуэщІ дэтхэнэ цІыхуми къагъэсэбэпыф.

КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм гулъытэщхуэ хуещІ цІыхухэр бюджет Іэхум хэщІэным, абы зэрыбгъэдыхьэ щыкІэр зригъэщІэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху псори къыхудощэ 2018 гъэмрэ 2019 - 2020 гъэхэмрэ ятещІыхьа бюджетхэм я проектхэр зэхэлъхьэным жыджэру хэтыну. ИкІи, бюджетым и хэхъуэхэр гъэбзэгъэн, ахэр нэхъ фейдэ пылъу къагъэсэбэпын папщІэ, зэфІагъэкІын хуейр къалъытэхэр жаІэну. Зыкъыхтхуэзыгъаззэ псоми я жэрдэмхэм щыхэпльэнущ икІи щытепсэлъыхьынущ КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм деж щыІэ Жылагъуэ советым. Мыхьэнэ зиІэ

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Нартхэм я мыІэрысэ

● Осетин таурыхъ

МЫІЭРЫСЕЙ тельыджэ яІэт нартхэм. Уэзримыгъэплъу нэр тепщыпщІэрт а жыгум. Зэрыдахэм и мызакъуэу а мыІэрысейм ещы зы дыщэ мыІэрысэ махуэ кІыпыкІэрт. Ар зыІухуа сымаджэр хъужырт, сыт хуэдэ уІэгъэри напІэзыпІэм игъэкІыжырт. Ауэ лІэныгъэр Іуигъэкіуэтыфырт экъым. Жьигьи и щхьэкІэ дыдэм пыту, дыгъэм зыхуигъафІэу махуэ псоми хъурт мыІэрысэр. Ауэ, Іуэхуракъэ, жэщ къэс зыгуэрым къиублауэ мыІэрысэр идыгъурти, нартхэм гъэзрыгъуэзрэ яхъумэн щІадзащ мыІэрысейр. Яхъумэ щхьэкІэ, дыгъур къахуэубыдыртэкъыми, пхъэщхьэмыщхьэ тельыджэм хэкІыжырт. Уэрхъугу лІыжьым и чэзыр къыщысым и кІуэ зэпІолъэныкъуэкэу Ахъсэртэрэр ежьыдыжэри яжриІащ:

- Си щІалэхэ, дыщэ мыІэрысэр фхъумэ. Нартхэр фэращ зыщыгугъыр. ДыкъэвгъэщІэхъумэ, къызжиІакъым жывмыІэж, нарт лъэпкъищ ди унэ щызэхуэсынурэ зым и щхьэр, адрейм и ІитІыр паупщІынущ. Си жьы хьугуэм дэІэпыкъуэгъуншэу унэм сыкъыщІэнэнущ.

- Умыгузавэ, ди адэ, удгъэуКІытэнкъым, нартхэм я мыІэрысэри яхуэтхъумэнщи, дыгъури къэдубыдынщ, - къыжраІащ лІыжьым и кІуэхэм.

- СощІэ фыкъызэримыкІуэтынури, зыми фызэрыщымышынэри, ауэ сэ фэрр щхьэкІэ согузавэ. МыІэрысэр фхуэмыхъумэмэ - дызэхуэзэжьынкъым, - жиІащ лІыжь тхъэмыщкІэм и макъыр кІэзызу.

Щіыжь бжьакъуэкІэ къэхухьат нартхэм я пхъэщхьэмыщхьэ хадэр. А бжьхьыр апхуэдизкІэ лъагэти, уеблэмэ бзуХэри щхьэпрылъэтыфырт экъым. ЗэкъуэшитІыр мыІэрысей тельыджэм и щІагъым щІэтІысхьэри пщыхьэщхьэшхэ ящІащ, итІанэ къуэш нэхъыщІэм нэхъыжьым жриІащ:

- Чэзууэрэ тхъумэнщ мыІэрысэр. Уэ гъуэлъи жэщ ныкъуэ хъухукІэ жей, сэ сыплъырынщ, итІанэ уэ укъэзгъэуІынщ.

АбыкІэ зэгурыІуэри Ахъсэр жеиІ. Жэщ ныкъуэ щыхъум къэушри, и къуэшым гузавэу зыхуигъэзащ:

- Тхьэм къысхуигъэгъу си шы нэхъыщІэ, сыхэжея сфІощІ...

- Жэщ ныкъуэ хъуакъым, жей иджыри, - жиІащ Ахъсэртэдж.

Модрейри жейбащхъуэти, и къуэшым жиІэр и фІэщ хъури, жейм пищэжащ.

Ахъсэртэдж сакъыу йожьэ дыгъуакІуэм, шабзэмрэ шабзэшэмрэ хьэзыру иІыгъщ, зэреуэнум хуэдэу. Арати, нэхутхьэху кІыщищым бзу гуэр хадэм кІиІэтатауэ кІыщыхъуащ щІалэм. МыІэрысейм кІэ дэпІэйімэ, тхъэрыкъуэ щІыкІу кІиІэзгъуащ. Абы мыІэрысэр кІыпІиа кІудейуэ, щІалэм и шабзэр иутІыпщщ, тхъэрыкъуэм и дамэм техуэри, дамапэр пиудащ. Ешы тхьэмыщкІэ щІыкІым лъыр кІыпІыжу кІуэ пэтми нэхъ лъахъшэ хъууэрэ Іулъэтыжащ. МыІэрысэр кІыпІэпыхри щІым текуэ. Абдежьым щІалэм и къуэшыр къигъэуІшащ.

- Плъагъурэ мы лъы ткІуэпсэхэ? - жреІэ абы и кІуэшым. - МыІэрысэр зыдыгъу тхъэрыкъуэм сытетхуащ. Езыр пЪэтэжащ, ауэ и дамэ ныкъуэр къыпІзудащ. Мы лъы ткІуэпсэхэм я лъагъуэм сытету сыкІуэнурэ къэзгъуэтынущ тхъэрыкъуэм и псэупІэр. Уэ сыт къызжепІэн си кІуэзу?

- УэдэкІуэм сынэкІуэнущ, - жиІащ Ахъсэр.

Арати, зэкъуэшитІыр лъы ткІуэпсхэм я лъагъуэм тету ежьащ. Куэдрэ кІуа, мащІэрэ кІуа, сытми, щІалитІым гу лъатащ лъагъуэр хы Іуфэм деж къызэрыщыувыІэр.

- Сыщымыуэмэ, лъагъуэр псы лъабжьэм макІуэ, - жиІащ Асхъэр.

Арати, Асхъэртэдж мурад ещІ псы лъабжьэм есыхыу Іуэхур зытетыр зригъэщІэну.

- Мыбдежьм къыщызэжьэ. Толъкъунхэм пІыпІо тхъурымбэ кІодрахьеймэ, сэ сыщылэжкъыми, унэм гъэзэж. Тхъурымбэ хужь плъагъумэ, илъэс хъурейкІэ къызэжьэ, сэ къзэгъэзэжынущ.

АбыкІэ арэзы зэдэхъури, Ахъсэртэдж псым хыхьащ.

Плъэмэ, тельыджащ илъагъур. ЗэщІэпщІыпщІэу уардэ унэ хэтщ псы щІагъым. Абы и блынхэр налъкъутналмэсым къыхэущІыкІащ, и лъэгур мывэ щхъуэзэшкІэ къыщІыкІащ. Ахъсэртэдж тегушхуэу унэ бжэщхьэІум щебакъуэм елъагъу: зэкъуэшибл щысщ, я кум хур хъыджэбзу я шыпхъу тхьэІухудитІыр дэсу.

Дыщэ зэрылэ хуэдэ хъыджэбзхэм я щхьэц кІыхьышхуэхэр зэпылыдыкІырт.

- Фи махуэ фІыуэ! Фыгъуэр зи унэм имыкІынхэ! - жиІащ Ахъсэртэдж.

Махуэфі Тхъэм къуит! Къебгагъэ, щІалэфІ! - къыжраІащ абы зэкъуэшхэм зыжьэу.

Зэшиблри къэтэджри ягъэтІысащ хьэщІэр. Нэхъыжьищыр зы лъэныкъуэкІэ, адрей нэхъыщІиплІыр нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ къэтІысащ.

- Уэ пхуэдэ хьэщІэ ди унэ зэи къихьакъым, къихьэнуи къыщІэкІынкъым. ДыщыгуфІыкІын хуейт укъызэрыкІуам, ауэ дыпщыгуфІыкІыфыркъым, дощыгъуэри.

- Тхьэм фи гуауэр ІэтыгъуафІэ фщищІ! Сыт хуэдэ гузэвэгъуэ къыфлъысар?

- Дэ дащыгуфІыкІрэ защыдмыгъэнщІу шыпхъэщ диІат. Ди шыпхъу щыкІу Дзерассэ нартхэм я хадэм еуасэри, абы теунэхъуащ. Абыхэм я мыІэрысейм махуэ къэс зы мыІэрысэ щыхэпурти, ди шыпхъур жэщкІэ тхъэрыкъуэу лъэтэжыртри ар нартхэм къафІидыгъурт. Мызэ-мытІэу жетІащ ди шыпхъум нарт лІыхъужьхэм апхуэдэ епщІэ зэрымыхъунур, абыхэм бзуХэри ящхьэпрылъэтын зэрышынэр, ауэ къыдэдэІуакъым. Я къамэ жанхэмкІэ Тхъэм зэригъэуКІыж а жащым плъыра зэкъуэшхэу Ахъсэрэрэ Ахъсэртэджрэ. Аэрращ ди шыпхъу тхъэмыщкІэр зыІэщІэуКІар, - жаІащ зэкъуэшхэм.

- Хэт щэІур? - хуэмышэчу щІэупщІащ хьэщІэр.

- Зи гуэр пхуэтщІа ди шыпхъурщ...

- Сэбэп уэзрыхуэхъуфын Іэмал щымыІэр пэж-тІэ абы?- къэгуэзващ Ахъсэртэдж.

- Шэч хэмылъу щыІэщ. Абы и дамэ гуаудар зыпытам деж гуэлпхьэжрэ мыІэрысэ тельыджэм щыщ Іубгъахуэмэ, хъужьнут, арыншамэ ди шыпхъум дыпыкІащ.

- Фи шыпхъур къезыгъэлыр сыткІэ вгъэфІэжьынт? - щІоупщІэ хьэщІэр.

- Ди шыпхъур щхьэгъуэзу еттынт. Ар ажалым къыІэщІэзыхырщ и насып зыхэлыр.

- Сэ Уэрхъугу срикъуащ, си цІэри Ахъсэртэджщ. Фи шыпхъур сэращ уІэгъэ зыщІа-ри, сэ згъэхьужынщ ар. Къыхуэфшэ мыдэ.

- Ди шыпхъур сымаджэ хьэлъэщи къыщІэкІыфынукъым, уэ езыр ебакъуэ абы и бжэщхьэІу, - къэгуфІэжауэ жаІащ зэкъуэшхэм.

ЦІалэр хъыджэбзым и пэшым щІэбакъуэмэ, елъагъу пІэм хэлъ тхьэІухудыр, абы и щхьэцхэр толъкъун Іэсэу щІым хелъафэ. Дыгъэр щоджэгу и нэгум, нурыр къыщхьэщхьет. Абы и напІэр яИэту щІалэм къыщыІуплъам Ахъсэртэдж хуэмышэчу хуэгуфІащ. И бгырыпхым дэлъ данэ щэкІ кІапэр къыдихащ, абы кІуэщІышыхьа дамэ ныкъуэр къыкІуэцІихри, Дзерассэ и уІэгъэм деж трилъхащ, итІанэ мыІэрысэм иригъэдзэкъащ къарууншэ дыдэ хъуа тхьэІухудыр.

А дакъикъэм, ращхьэздамыщхьэу, зэрыщытам нэхърэ нэхъ дахэж хъуауэ щІалэм и пащхьэ къиуващ хъыджэбзыр.

Абы кІигъэгумэщІа зэшиблыр гуфІэри я шыпхъур, зыгъэхъужа щІалэм щхьэгъуэсэу иратащ. ХьэгъуэлІыгъуэри жэщибл-махуибліклэ дахащ, дыгъэ-мазэм хуэдэт зэщхьэгъуситІыр.

ИужькІэ зэманыфІи дэкІащ. Махуэм махуэ къыкІэлъыкІуэрэ псынщІэу кІуэрт гъащІэр. Ахъсэртэджрэ Дзерассэрэ псыщІагъ чэщанэм зэнэзэпсэу щыпсэурт. Махуэ гуэрым Ахъсэртэдж и къуэшыр игу къэкІащ.

- Куэдщ мыбы сызэрыщыпсэуар, иджы си къуэшыр къзэгъуэтыжу ди адэм деж дгъэзэжын хуейщ,- жриІащ абы и щхьэгъусэм.

Дзерассэ и дахагъым хуэдиз Іущагъ бгъэдэлъти, а псалъэхэм щыгуфІыкІащ.

- Уэ унэ уиІэр пэжмэ, дэ абы дыкІуэжын хуейщ. Куэдщ си дэлъхуэрэ я гъусэу дызэрыпсэуар, - жиІащ.

Зэкъушхэри абы арэзы щытехъуэм, Дзерассэ и щхьэцыгъуэм зы нАлъэ закъуэ кІыхичщ, ар и щхьэгъусэмрэ езымрэ къызэрашэкІри, а дакъикъэм бдзэжьей щІыкІу хъури, псым къыдэсеящ.

Къуршыбгъэхэр

● Къэрэшей таурыхъ

КУЭД щІащ ар къызэрыхъурэ. ТауланкІэ еджэу еши шыни зищІысыр имыщІэу щакІуэ гуэр псэурт. Ар щакІуэ Іэзэт, икІи цІыху хьэпэлт, иІэ псомкІи и гъунэгъуэмрэ благъэхэмрэ ядэгуашэрти, куэдым фІыуэ къалъагъурт.

Махуэ гуэрым, щакІуэр мэзым пхыкІ пэтрэ, плъэмэ, бжэн хужьыпс елъагъу. Ар имыгъащтэу и Іэщэр къиІэтрэ тригъапщэмэ, хъыджэбз тхьэІухуд елъагъу. Іэщэр зэрырихьэхыжу бжэн мэхъуж, трегъапсэри узэримыгъэплъу хъыджэбз дахэ и пащхьэ къохутэ. Имыхабзэхэху къэдзыхащ щакІуэр. Хъыджэбзым и дыхьэшх макъыр мэзым щызэрылъэльащ:

- ЩІалэфІ, укъысщымышынэ. Уэ хьэщІапІэ ущыІэщ, уи бысымыр Апсатщ - жиІащ.

Таулан ерагъыу зыкъэщІэжри:

- Ухэт уэ? ЩакІуэхэм ещакІуэ бжэн хужь хьэмэрэ хъыджэбзу щыІэм ефІэкІ тхьэІухуд?

- Сэ Апсат срипхъущ, си цІэр ФатІимэщ,- къитащ хъыджэбзым жэуап.

Хъыджэбзымрэ щІалэмрэ зэгуэкІуащ. КІуэ пэтми щакІуэр мэзым нэхъ кІуэрей хъурт. Махуэ къэс кІуэ пэтми, зыри кІиуКІыртэкъым. Ар хьэкІэкъуэкІэ Іэджэм ирихьэлІэрт, ауэ фІыуэ илъэгъуаурауэ фІэщІу еІуСэфыртэкъым.

ЩІалэми хъыджэбзми ящІэрт зы защІу къызэрыхуамыдэнур, а зихуапэри, тІури шыхэм тетІысхьэри ежьащ. АрщхьэкІэ, хъыджэбзым и дахагъэр цІыхухъу щыгъынми хущІэхъумакъым. Бзухэми хьэкІэкъуэкІэхэми хъыджэбзым и адэм хъыбар хуахьыжри, Апсат къэгубжьащ.

- Къэвгъуэти, фыукІ, - ищІащ абы унафэ.

ФатІимэрэ Тауланрэ цІыху зримыкІуа лъагъуэкІэ къакІухьырт. Я лъэужь къызэрахур къыщащІэм зэпсэгъуитІыр къуршым лъагэу дэкІуеящ. БзуХэм ахэр щалъагъум зэрыгъэкІиин щІадзащ. Лъэхъуэхэм макъыр щызэхахымкІэ кІуэщ, щІалэмрэ хъыджэбзымрэ къаубыдри, бгым ирадзыхащ.

А дакъикъэм Апсат и гур къэдзыхэщ, зэпсэгъуитІыр къуршыбгъэ ищІри, къригъэлащ.

Абы лъандэрэ къуршым и щхьэкІэ дыдэм абгъуэ щащІауэ къуршыбгъэхэр щопсэу. Дыгъэр къызэрыкъуэкІыу тІури къэжьэри, къафэ дахэ ягъэзащІэу уэгум щохуарэз.

Іэхъуэ

● Абхъаз таурыхъхэр

ЕУЭЩІ абыми къуажэ пхыдзам къулеижь гуэр щыпсэурт. И къулеягъым хуэдиз нэпсеягъи бгъэдэлът абы. Къулеижьым бжэн хъушэрэ мэл гуартэрэ иІэт, ауэ а лІыр апхуэдизкІэ нэпсейти, а хъушэшхуэр игъэхъуну зы Іэхъуэ фІэкІа къищтэртэкъым, флэт ятрихьат абы и деж щылэжьэну кІуэхэм. Ауэ Іэхъуэпщ Іэр щаритын хуей пІалъэр къызэрысу, къулеижьым Іэхъуэм дагъуэ гуэрхэр къыхуигупсысыт, и хъушэм дахэ-дахэу кІэлъыымыплъурэ хигъэщІаІауэ жиІэрти, уасэр иримыту ирихужьэжыт.

Зэгуэрым игъэлІыщІэн имыгъуэту куэдрэ лъыхъуащ ар. ЛІым и нэпсеягъэм и хъыбар зэхэзыхахэм хуэІэхъуэн ядэртэкъым. Арати, щІалэ зеиншэ цІыкІу къигъуэтри, илъэситхукІэ хуэлІыщІэну къищтащ. Илъэситхуэм хуэзэу бжэн цІыкІуитхуэм къащІэхъуэри игъуэсэжу иритыну гурыІуащ. ЩІалэ цІыкІум хуэсакъыжу игъэхъурт хуэшэр. Къыщытехьэлъапи къэхъурт, ауэ зыхуигъэшэчыт. Губгъуэм ит пшыэрат Іэхъуэр щыпсэур.

Зэманыр псынщІэу макІуэ, ауэрэ етхуанэ илъэсри екІуэкІырт. Мэл хъушэр жыг жьауэм щІэтІысхьауэ щІэсыху щІалэ цІыкІур псы Іуфэм щетІысэхауэ гупсысэу зэдэщысым лІыжь жьакІэху къыбгъэдыхьащ. Абы щІалэ цІыкІум сэлам къирихщ, тІэкІурэ щыму щысри, жиІащ:

- Іэфіи фІэІуи зыщІэмылъ псыр сыужэгъуащ. Шэ сефэнт... Къызэптын, щІалэфІ?

- Тхьэмадэ! Сэ сызыхуэІэхъуэр шэм кІэлъоплъ, зэрыхэщІу къищІэнущ, сэри ар къэзгъэпщІэну сыхуейкъым. Ауэ шэм ущехъуэпсакІэ, си Іыхьэм щыщ узогъафэ. Пэжщ, ар къэмэщІыкІыну къыщІэкІащ, ауэ сэ схуэзэфІэкІынур аращ.

ЛІыжьым шэр ирифщ, щІалэм фІыщІэ къыхуищІри, дзэл Іувым хыхьэжащ.

ЖэщІ гуэрым Іэхъуэ щІалэм пщІыхьэпІэ елъагъу. Хъушэр тенджыз лъабжьэм щыхъуакІуэ хуэдэт, езыри абы пэрытт. ПщыхьэщхьэхуэкІуэ зэрыхъуу Іэщыр тенджыз Іуфэм къыдэкІуеижащ, щІалэ цІыкІур къыдэмыкІуеижьфу псы щІагъым къыщІэнэри. Абдежьым абы щэ иригъэфауэ щыта лІыжьыр къыкъуэкІри, ажэжь пашэм егиящ. Ажэм къиГъэзэжщ, щІалэ цІыкІум и бгырыпхым и бжьакъуэр фІигъанэри, псы Іуфэм къилъэфащ. Хъушэр зэхуэсыжауэ мэлъхъуэхьэхэри банэу къыщхьэщыту ар къуэшащ. Абы зыкъомрэ зыкъыхуэщІэжакъым, къэхъуар зэригъэзахуэу.

ЗэрызэгурыІуа пІалъэр къыщысым щІалэ цІыкІум къилэжьар къритыну елъэІуащ къулеижьым. Ауэ модрейм абы зыри къритыну зигъэхьэзырыртэкъым. Ар хъушэм зэрыкІэлъэпплъа зэманым мэлхэм я цыр ууэу, бжэнхэм я шэм кІэричауэ, я къалъхури нэхъ мащІэ хъуауэ жиІэри пщІантІэм къыдихуащ.

Сытыт тхьэмыщкІэ цІыкІум къыхуэнэжьыр? И Іэхъуэ башыр и плІэм зэпридзри, гъын хьэзыру и пщыІэм къыщІэбэкъуКІащ. ЛІы нэпсейр арэзыуэ кІэлъыплъырт абы. Абдежьм щІалэ цІыкІум гу лъитащ Іэхъуэм къакІэрыхуауэ гузэвэгъуэр телъу къэзыжьыхь бжэн цІыкІум. Ар Іэхъуэм къыбгъэдэлъадэри, и натІэр и лъэгуажьэхэм къалэщІыгъэуват.

ЩІалэ цІыкІум хуэмышэчу жиІащ:

- НэгъуэщІ мыхъуми, мы цІыкІур къызэт!

- Къащти, скІэрыкІ! А бжэн фейцёйр уэ пхуэфащэ дыдэщ езым.

ЗдэкІуэр имыщІэми, щІалэ цІыкІур гъэзгум теувауэ макІуэ. Абы зыкъыкІэримыгъэхуу бжэн цІыкІури яужь итщ. ПщыхьэщхьэхуэкІуэ щыхъум хъушэр щигъэхуакІуэу щыта тенджызым и адрей лъэныкъуэм нэсащ а тІур.

Гъэзгуанэм иригъэзэшати, абдежьм нэху къыщкІыну мурад ещІ. Гъурц гъущэ къищыпщ, мафІэ зэщІигъэстри гъуэлъащ, бжэн цІыкІури и лъапэм деж къэтІысащ. Жэщым тІэу-щэ къэушурэ абы мафІэм пхъэ тридзащ. Жейбащхъуэти, иджыри Іэхъуэ фІэщІыжурэ, мэлыхъуэхьэхэм еджэрт.

Пщэдджыжь акъужьым къигъэушащ ар. Зиплъыхьмэ, елъагъу абы игъэхуу щыта хъушэр ихьуреягъым къэтІысэкІауэ щысщ, ажэ пашэм и нэр къытриубыдауэ езым къоплъ, бжэн цІыкІури арэзыуэ мэхъуакІуэ.

А щІыпІэхэм дежь тенджызым псы къыхэльадэрти, псы ефэну ежьа щІалэм хъушэри яужь иуваащ. Апхуэдэурэ ахэр бгым дэкІащ. Абдежьм щІалэ цІыкІум пщыІэ щигъэуври, хъушэр игъэхуным пищэжащ.

Илъэс зыбжанэ дэкІыжащ абы лъандэрэ. ЩІалэ цІыкІур балигъ хъуащ, къуажэ гъунэгъум щыщ хъыджэбзи къишэри, унагъуэ ихуэгъэжащ. Иджы абы езым Іэхъуэ иІэщ, ауэ къарадгІауэ щытар зыщІэж щІалэр и пщыІхэм яхуэщабэщ.

ДзыгъуитІ

«ДЭТХЭНЭ уни езым и дзыгъуэ иІэжщ», - жаІэ. Апхуэдэу, зэгуэрым унагъуэ дзыгъуэмрэ губгъуэ дзыгъуэмрэ зыщІыпІэ щызэрихьэлІат. Сэлам зэрахьу зэрыщІыхуа иужь, унагъуэ дзыгъуэр еупщІащ и «лъэпкъэгъуэр» зэрышхэмкІэ.

- Сэ сшхын къызолыж, - жиІащ губгъуэ дзыгъуэм. - Мэзым ерыскъыр щыкъэщІ, пхузэхуэхьэ къудейімэ. Жыг гъуанэм сыщопсэу, жыг щІагъым гъуэ щысщІауэ, щІымахуэм сшхынуэр абы щызэхъумэ.

- Уэ слъагъум пшхыи щымыІэ! - жеІэ унагъуэ дзыгъуэм зигъэпагэу. - Лжьышгъэмрэ Іуэху щІэнымрэ укъыдэхуэркъым. Арагъэнщ фэ щІымыщІри. Сэ къалэм сыщопсэури абы унэу, тыкуэну, шхын хъумапІэу дэтыр сысейщ. Хьэзыр псоми сыхэсщ, пщэдей сыт сшхыну жысІэркъым. Ауэ уи псэупІэм сепІъынт, уи шхыныгъуэхэми сахэплъэнт...

Арати, губгъуэ дзыгъуэм унагъуэ дзыгъуэр и деж ишэри къанэ щымыІэу и гъэтІылъыгъэхэр иригъэлъэгъуащ.

- Хъарзынэщ, пшхын бгъуэт хуэдэщ, ауэ уи ныбэ изу зэи умышхэу къысщохьу, - жеІэ къалэ дзыгъуэм. - Накlуэ си деж, къэуат зыщІэлъ шхыныр зищІысыр къозгъэщІэнщ.

Абы зэрызигъэщІагъуэр и жагъуэ хъуами, зыкъримыгъащІэу къалэ дзыгъуэм и псэукІэр зригъэщІэну и деж кІуащ.

- Сэ щІыпІитІым сыщопсэу: зыр хуабэу унэлъэгу лъабжьэрщ, Гъэмахуэм унашъхьэм сыщыІэщ. Абы мэлыл фІадзэурэ щагъэгъу, нэгъуэщІ гъэтІылъыгъэ Іэджи щахъумэри, сыщотхъэж. Абы къищынэмыщІауэ, пщэфІапІэм щІэт сырэхэри сэращ зейр. Абы сыт хуэдиз фІыгъуэ дэлъ... А псом яужь унэгъащэм и бостеймкІэ си зэщ тызогъэу, итІанэ ералрыбгъуэм сыщоджэгу. Сыт хуэдиз алэрыбгъу сиІэ сэ... Уэ тхьэмыщкІэжьым тхьэмпэ гъущэ къэплъыхьуэурэ узекІуэ къыщІэкІынщ? - жиІэрт унагъуэ дзыгъуэм губгъуэм и тхьэмыщкІагъэр ириІуэкІыу.

- Ди мэзым щІэт хьэуар, бзуХэм я макъ жьгъыурр сыт и уасэ?!- нэгъуэщІ пидзыжьи имыгъуэту къытригъэззэжурэ жиІэрт губгъуэ дзыгъуэм.

- Хэт и бзу! Дэ узэрэжьыІакІуэхэм зы узэрэдхэр къыджаІэри, бзуХэр зыщигъэукІытэжынт, зэхахамэ, - икІуэтыжрыкъым мыдрейри.

Апхуэдэурэ псалъэурэ унащхьэм дэкІуеящ, унагъуэм щІымахуэм ягъэхьэщІа фІыгъуэ псом щыщи иригъэшхащ и хьэщІэм. Апхуэдиз ерыскъы зыльэгъуа хьэщІэр зытеуКІытыкъыхьати, ишхри ильагъужьыртэкъым.

- Уи ныбэ из хъуамэ, накІуэ иджы апхуэдиз фІыгъуэр схуэзыгъэтІылъ щІыхухэм я псэукІэр уэзгъэльагъунщ, - жиІэри и хьэщІэр иришэжащ.

Унащхьэм иІэ бгыкъуэм къытетІысхьауэ хэпльыжьыр.

ЖьэгУ хуабэм дежь джэдуужьыр утІэрэбгъуу щыльт. Губгъуэ дзыгъуэм зэи джэду илъэгъуатэкъыми, ар зищІысымкІэ щІоупщІэ.

Бзаджагъэ хуекІуэну мурад зыщІа унагъуэ дзыгъуэр йогупсыс: «Мы тхьэмыщкІэр згъэкІуэдкІи хэт къыщІэупщІэн, абы и фІыгъуэхэри сэ зыІэрызгъэхьэнщи, сыщыхуейм мэзым, сыхущІегъуэжьым унэм сыщыпсэунщ».

- Ари? Ар си анэжьращ, мафІэм зрегъэури щылъщ, - жи.

- Сэлам есхын хуейкъэ? Фи дежкІэ дапхуэдэу сэлам зэрах хабзэр? - гузавэу щІоупщІэ хьэщІэр.

- «Сэлам» - жыпІэнурэ утелъэнущ. Ар сытым хуэдэу къыпщыгуфІыкІыну ешыр, - жиІащ дзыгъуэ хьилэшым.

Абы зэрыжиІам тету, губгъуэ дзыгъуэр елъэу джэдум и пащхьэм къыщихутэм сэлам ирихащ. Джэдум илъэгъуар зэригъэщІэгъэнур имыщІу къеплъащ. Унагъуэ дзыгъуэм ар щилъагъум хуэмышэчу дыхьэшхын щІидзащ. Ар тхъум къыхэпщыжа къуейуэ и лъакъуэ щІыкІуэр щІэтыгъэри, зытес бгыкъур хуэмыІыгъыу къехуэхащ. Джэдум и пащхьэм къыщехуэха дзыгъуэ пшэрыр щІэлъагъум, абы къыкІэрих тхъумэ гуакІуэр къыщыщІихьэм, хуэмышэчу зридзри, ишхащ.

Губгъуэ дзыгъуэр гужьейщ, бжэм иІэ дамэдаззм дэпщри, къыщІэпхъуэжащ.

Тхыгъэхэр зэзыдзэкІар **ЩОМАХУЭ Залинэщ**.

Насыпыр къызэрашэжар

● Шэшэн таурыхъ

ПЩЭДДЖЬЖЬЫМ жьыуэ Дизыкъуажэ унэр къыщІэкІрэ пльэмэ, жэщым нэху щыху къеса уэсым пхыкІа лъагъуэм гу лъетэ. Ауэ пщІантІэм зыри дэттэкъым. Абы дэкІар къыхуэмыщІэу лІыр къэгузэващ. ИтІанэ лъагъуэм теувэри, ежьащ. ПъэкъуамПІэкэр бгъэшцІагъ гъэрым екІуалІэрт. Дизыкъуажэ абы щІыхьэри гуоуащ:

- Си унэ ныщІэмыхьэу пщІантІэм дэкІыжар хэт?

БгъуэнщІагъым макъ къыщІэІуКІащ:

- Сэ сынасыпщ. ЗыпхуэзгъэгуСэри уи унэр сыбгынащ, укъысклэлыкІуэни хуеякъым.

Іэхэр зытетыр къызыгурыІуа лІыр насыпым къэдрэ елъэІуащ, арыншауэ мыпсэуфынэу жиІэу.

- Гугъу зебгъэхьу укъызэрысклэлыкІуам щхьэкІэ фІыгъуэ гуэркІэ сыпхуэупсэнщ. Узыхуейр жьІэ - дыщэ, унэлъащІэ, узыншагъэ е, сэ сщІэрэ, нэгъуэщІ зыгуэр, ауэ нэзгъэззжыну укъызэмыльэІу закъуэ.

Дизыкъуажэ жиІащ:

- СумыгъэпІащІэу сегъэгупсыс, сызэчэнджэщ сиІэщи, сегъэупщІыж.

Насыпыр абы арэзы техуащ.

Дизыкъуажэ и унэ екІуэлІэжри, Іэхэр зытетыр яхуиІуэтащ. Хэти дыщэ къеІых жиІэрт, хэти гъавэ къыІихыну къечэнджэщырт. ИтІанэ, и щхьэгъусэм псалъэ щратым, жиІащ:

- Ди унагъуэм зэгурыІуэ итыну елъэІу. ЗэгурыІуэр фІыгъуэ псоми я щхьэщ.

АбыкІэ арэзы хъуа лІыр бгъуэнщІагъым кІуэри и унагъуэм зэгурыІуэныгъэ кърилъхьэну елъэІуащ насыпым.

- ФыкъызэбгъэдэкІащ. Ерэхъу, фызот зэгурыІуэныгъэр. Ар здащыІэм сэри сыщыІэн хуейщи, фи унэ нызогъэзэж, - жиІэри насыпыр лІым къыбгурыувэри къэкІуэжащ.

Тхыгъэхэр зэзыдзэкІар ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Мыкъуаншэхэр зыгъэкъуаншэхэр

Сочэ къалэм хыхьэ Головинкэ (Шахэпэ) къуажэ щІыкІум дэс адыгэ жылагъуэ лэжьакІуэ зыбжанэм я суд ящІащ накъыгъэм и 21-м. Ахэр зэгъэуэнщащ краим и унафэщІхэм хуит къамыщІауэ щІыхухэр зэхуащэсу тхьалъэІу ящІауэ жаІэри. Судым къихьа унафэмкІэ арэзыкъым мыкъуаншэу ягъэкъуаншэхэр. Абыхэм я мурадщ УФ-м и Конституцэм къарит хуитныгъэхэм зи нэр хуэзыуфыщІахэм я щыуагъэр гурагъэІуэжьыну.

ИЛЪЭС 20-м нэсащ Адыгэхэм я щыгъуэ махуэр Шахэкіеишхуэ къуажэм накъыгъэм и 21-м зэрыщагъэкІуэкІри, гъэ къэс упщІэ къоув: щІыхуэм деджэу зэхуэтшэсын хуей Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ Іуэхуэгъуэхэм хэлгъэтын папщІэ? Нэхъыбэм къызэралъытэмкІэ, абы хэгъэзыхь хэлъхъым: ИльясищэкІэ екІуэкІа зауэм хэкІуэдахэм сахуэщІыуарэт, мы махуэм адыгэ псоми сагигъусарэт жызыІэр къоКІуэ. Аращи, зыми унафэ ищІыркъым а махуэр зэрагъэкІуэнум теухуауэ, ильэс къэс екІуэкІым псори фІыуэ щыгъуэзащ. ЯпэщІыкІэ щІыхуэр щІзэхуос зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ Шахэкіеишхуэ дэтым деж, итІанэ ауэнэт Шахэпэщ Жыгдахэмкіэ (ар «тюльпановое дерево» жыхуиІэрац), кІэльыкІуэу тенджьз фІыцІэ Іуфэ Іуохьэри, псым венокюэр халъхьэ. Іуэхур щаух Мыгу лъэпкъым я фэеплъ мывэхэм деж.

Сыхьэт 12-м псори Жыгдахэ деж щІызэуосыж, адыгэу дунейм тетыр щІымуу щІыщІт дакъикъэм хухахар а щІыпІэращ. Къызэхуэсхэм яхэтщ нэхъыжьхэри, щІалэгъуалэри, Адыгэ Хасэм и Іуэхуэхэр зезыхьэхэри. Абыхэм куэд дыдэу яхьолъагъуэ бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэ. Мыбдежращ жьэрымэр щагъэууэ щагъэшри. Егъэлея, хьэлыншагъэ хэмылъу, хабзэм емыбгакъуэу йокІуэкІ мы Іуэхур. Абы и щыхьэтщ ильэс 20-м кІуриубыдэу зыри зэрамыщІар, хабзэхъумэхэм я Іуэху къызэрахуэну щхьэусыгъуэ ирату.

Мы гъэми апхуэдэу екІуэкІырт. Сыхьэт 12-м ирихьэлІэу щІыху 50 хуэдиз Жыгдахэ деж щызэхуэсащ. ЛІэщІыгъуэ куэд хьауэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэм уцыпхэхуэсыж щхьэкІэ хуит хуейуэ хабзэмкІ кІиргъэувыркъым. А махуэм щІыхуэр лейуи псальэр ирихьэ - мыр пэкІуэкъым, атІэ щыгъуэ Іуэхущ. Нэхъыжьым жиІэпхъэр и ныбжькІэ зытехуэр Шахэкіеишхуэ къуажэм щыщ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Гъуафэ Руслан, Іэ лъэныкъуэмкІэ башым зытригъащІэу, адрей Іэмкіэ лэкъум иІыгъыу псэлъащ, жиІэр нэхъыбэу щІалэгъуэлэм яхуэгъэзащІэ: адыгэ хабзэр, бзэр Іэщ Іыб фымыщІ, ди тхыдэм пщІэ хуэфащІ. Руслан и псальэр иухри, зауэшхуэм хэкІуэдахэм папщІэ дыуэ ящІащ, итІанэ зы дакъикъэкІэ щытащ щыму.

СыхьэтитІ нэхъ дэкІатэкъым, «хабзэр къизымыдзэ» шапсыгъэм я Іуэху зэрахуэу щыщІадзам. Шахэпэ щыщ, «Шапсугия» газетым и лэжьакІуэ Бастэ Айдамир административнэ хабзэм ебэкъуауэ иту участковэм протокол итхащ. Ар ягъэкъуэншащ хуит ямыщІауэ хэр къагъэсэбэпми, автомашинэхэр зэрахъуэкІыу зекІуэми, пІалъэ кІэщІкІэ Налшык къалэм фэтэр къыщащтэми, абыхэм зэрахуэ Іуэхум гу лъатащ наркотикым кІэлъыплъыныжьмкІэ хабзэхъумэхэм.

КъБР-м щыІэ Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хэт Бэрсэдж Анатолэ, Жэмыхъуэ Заур, КъуэщІысокъуэ Хьэжпагуэ, Умэ Светланэ сымэ щыІащ КъБР-мкІэ УФСИН-м и 1-нэ, 3-нэ колониехэм. Абыхэм ящІыгъащ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым УЙС-м цІыхум и хуитныгъэхэр щыхъумэныжьмкІэ и дэІэпыкъуэгъу Текаевэ Ритэ.

КОЛОНИЕХЭМ кІуахэм тезырыр езыхьэкІхэм я псэупІэхэр зрагъэлъэгуащ. Гулъытэ хэха хуащІащ ягъэтІысахэр ерыскъыкІэ, медицинэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщІ, щІакхъуэгъэжьаПІэм щызыІуагъэхуащ тутнакъхэм ягъэхьэзыра ерыскъыр.

КІэлъыплъакІуэ комиссэм и гупым я щхьэ ІуэхукІэ зыкъыхуагъэзащ тезырыр зыпшыным ящІыщ цІыхуитІым. Ахэр щІэупщІащ езыхэр зыщІащ щІыпІэм я тезырыр щрагъэпшыныну Іэмал щыІэмэ, абы ягъэкІуэжьну, медицинэ хэтыгъэхуэм къыщІыхьа бжыгъэхэм я Іуэхур нэхъыфІыж ищІащ. Уеблэмэ ахэр зэпеуам хуэдэщ хэт бжыгъэ нэхъ инкІэ и хьэрхуэрэгъур хигъэщІэфми.

ДАУИ, абыкІи нэхъ лъэщІар ди республикэм и нэгъабэрей чемпион, мы гъэми зэхьэзэхуэм бжыпэр быдэу щызыІгъ «Автозапчасть»-рщ. Псынэдахэ къуажэм щыІэу бахьсэнэдэсхэм хэгъэрейхэм я гъуэм топибгъу (!) жэуапынщэу дагъэкІащ. Абы и гъуащхьауэхэм ямыгъэгупэ зы команди КъБР-м и чемпионатым хэту къыщІэкІынкъым. МыпІэну ирикъунщ блэкІа джэгуГъуэ 13-м кІуриубыдэу «Автозапчасть»-р 74-рэ къызэрыхэжаныкІар - ар ику иту топихым нэблагъэ зэІуцІэ къэс хуоэз.

Прохладнэ щыІэу хэгъэрейхэм топих яхудигъэкІащ зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэр щызыІыгъ «Тэрч»м. Я хьэрхуэрэгъуэхэм ахэр жэуапынщэу къагъэнащ.

Ябпэ итхэм закъыкІэрымыгъэхуну хущІэкъуащ «Союз»-р икІи ар абы къеХуІащ. Сэрмакъдэсхэм хьэщІапІэ щыІэу «Бахьсэным» топи 8 худагъэкІащ. Пэжщ, езыхэми пІэунеййра я жагъуэ къащІащ.

Джэгугъуэ блэкІам бжыгъэщхуэкІэ текІуахэм ящыщщ «Псыгуэнсумрэ» - 0:9, «ГорИс-179 Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Тэрч» (Тэрч) - 0:6, «Нарт» (Нарт-къалэ) - «Бедик» (Арщыдан) - 2:3, «Бахьсэн» (Бахьсэн) - «Союз» (Сэрмакъ) - 2:8, «Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Жулдуз» (Хьэсэней) - 1:1, «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Керт» (Къэхьун) - 3:0.

ДызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну къыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм щызэІущІэнущ «Керт» - «ГорИс-179 Прохладнэ», «Союз» - «Родник», «Автозапчасть» - «Псыкуэд», «Велес-СДЮСШОР» - «ЛогоВАЗ», «Тэрч» - «Бахьсэн», «Къундетей» - «Жулдуз», «Бедик» - «Хьэтіохъущыкъуей», «Псыгуэнсу» - «Нарт» командэхэр.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщІхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщІекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	13	12	1	0	74-6	37
2.	«Тэрч»	13	10	0	3	33-10	30
3.	«Союз»	13	8	2	3	46-26	26
4.	«Бедик»	13	8	2	3	27-13	26
5.	«Псыкуэд»	13	6	5	2	30-21	23
6.	«Псыгуэнсу»	12	6	3	3	29-19	21
7.	«Нарт»	13	6	3	4	30-19	21
8.	«Керт»	13	6	3	4	32-22	21
9.	«ЛогоВАЗ»	13	6	1	6	26-23	19
10.	«Велес-СДЮСШОР»	13	5	2	6	24-27	17
11.	«Родник»	13	3	4	6	21-36	13
12.	«Къундетей»	13	3	2	8	19-36	11
13.	«Хьэтіохъущыкъуей»	13	3	2	8	16-36	11
14.	«Бахьсэн»	13	2	1	10	18-54	7
15.	«Жулдуз»	12	0	4	8	13-45	4
16.	«ГорИс-179»	13	0	3	10	10-55	3

Къабзагъэм щогугъу

● Экологием и ильэс

Ди къалащхьэр къабзэу зехьэным теухуауэ ильэс блэкІам къыхалъхьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ пхъэнкІийр щызэхуахьэс контейнерхэр иджырей европей мардэхэм тету зэхъуэкІыныр.

ИПЭКІИ и гугъу фхуэтщІауэ щытащ зи пкъыр щІым хэт пластик контейнерхэм. Абыхэм я щхьэр гъэбыдащ, зы кІэрыхубжьэрыху дунейм къытемыхьэн хуэдэу. Апхуэдэ контейнер екІуэкІр щагъэувавщ КІыщІокъуэм и уэрамым и кІыхьагъкІэ. Ахэр кІыхэмыщу удз гъэгъа гъэтІысыпІэхэм хэтщ, и хъуреягъым пхъэнкІий щызэрахьэуи щІэу.

Къабзагъэ мардэм и мызакъуэу, ерыскъы кІэрыхубжьэрыхухэм гулъытэ хэха зэрыхуащІым и зы щапхъэ щагъэлъэгъуащ Вольнэ Аулым и Профсоюзнэ уэрамым тет фэтэр зэтетхэм ящыщ щым. Абы и ІухьапІэм пэмыжьыжьэу щыт контейнер къызэрыгуэкІхэм бгъурагъэуващ «Хлеб» жиІэу зытет контейнер щхьэхуэ.

ПхъэнкІий идзапІэщІэхэр мыгувэу щагъэувынущ Ахъуэхъуэм, Головком, Суворовым, Идарым, 2-нэ Таманскэ дивизэм я щІэхэр зезыхьэ, Къэбэрдей уэрамхэм. Псори зэхэту абыхэм я бжыгъэр 30-м нэсынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хэт нэхъ бжыгъэшхуэкІэ темыкІуэрэ?

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщІхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщІекІуэкІыр ящІэстащ. Абы зэхьэзэхуэм бжыпэр щызыІыгъхэм я Іуэхур нэхъыфІыж ищІащ. Уеблэмэ ахэр зэпеуам хуэдэщ хэт бжыгъэ нэхъ инкІэ и хьэрхуэрэгъур хигъэщІэфми.

ДАУИ, абыкІи нэхъ лъэщІар ди республикэм и нэгъабэрей чемпион, мы гъэми зэхьэзэхуэм бжыпэр быдэу щызыІгъ «Автозапчасть»-рщ. Псынэдахэ къуажэм щыІэу бахьсэнэдэсхэм хэгъэрейхэм я гъуэм топибгъу (!) жэуапынщэу дагъэкІащ. Абы и гъуащхьауэхэм ямыгъэгупэ зы команди КъБР-м и чемпионатым хэту къыщІэкІынкъым. МыпІэну ирикъунщ блэкІа джэгуГъуэ 13-м кІуриубыдэу «Автозапчасть»-р 74-рэ къызэрыхэжаныкІар - ар ику иту топихым нэблагъэ зэІуцІэ къэс хуоэз.

Прохладнэ щыІэу хэгъэрейхэм топих яхудигъэкІащ зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэр щызыІыгъ «Тэрч»м. Я хьэрхуэрэгъуэхэм ахэр жэуапынщэу къагъэнащ.

Ябпэ итхэм закъыкІэрымыгъэхуну хущІэкъуащ «Союз»-р икІи ар абы къеХуІащ. Сэрмакъдэсхэм хьэщІапІэ щыІэу «Бахьсэным» топи 8 худагъэкІащ. Пэжщ, езыхэми пІэунеййра я жагъуэ къащІащ.

Джэгугъуэ блэкІам бжыгъэщхуэкІэ текІуахэм ящыщщ «Псыгуэнсумрэ» - 0:9, «ГорИс-179 Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Тэрч» (Тэрч) - 0:6, «Нарт» (Нарт-къалэ) - «Бедик» (Арщыдан) - 2:3, «Бахьсэн» (Бахьсэн) - «Союз» (Сэрмакъ) - 2:8, «Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Жулдуз» (Хьэсэней) - 1:1, «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Керт» (Къэхьун) - 3:0.

ДызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну къыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм щызэІущІэнущ «Керт» - «ГорИс-179 Прохладнэ», «Союз» - «Родник», «Автозапчасть» - «Псыкуэд», «Велес-СДЮСШОР» - «ЛогоВАЗ», «Тэрч» - «Бахьсэн», «Къундетей» - «Жулдуз», «Бедик» - «Хьэтіохъущыкъуей», «Псыгуэнсу» - «Нарт» командэхэр.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщІхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщІекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	13	12	1	0	74-6	37
2.	«Тэрч»	13	10	0	3	33-10	30
3.	«Союз»	13	8	2	3	46-26	26
4.	«Бедик»	13	8	2	3	27-13	26
5.	«Псыкуэд»	13	6	5	2	30-21	23
6.	«Псыгуэнсу»	12	6	3	3	29-19	21
7.	«Нарт»	13	6	3	4	30-19	21
8.	«Керт»	13	6	3	4	32-22	21
9.	«ЛогоВАЗ»	13	6	1	6	26-23	19
10.	«Велес-СДЮСШОР»	13	5	2	6	24-27	17
11.	«Родник»	13	3	4	6	21-36	13
12.	«Къундетей»	13	3	2	8	19-36	11
13.	«Хьэтіохъущыкъуей»	13	3	2	8	16-36	11
14.	«Бахьсэн»	13	2	1	10	18-54	7
15.	«Жулдуз»	12	0	4	8	13-45	4
16.	«ГорИс-179»	13	0	3	10	10-55	3

ИЛЪЭС 20-м нэсащ Адыгэхэм я щыгъуэ махуэр Шахэкіеишхуэ къуажэм накъыгъэм и 21-м зэрыщагъэкІуэкІри, гъэ къэс упщІэ къоув: щІыхуэм деджэу зэхуэтшэсын хуей Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ Іуэхуэгъуэхэм хэлгъэтын папщІэ? Нэхъыбэм къызэралъытэмкІэ, абы хэгъэзыхь хэлъхъым: ИльясищэкІэ екІуэкІа зауэм хэкІуэдахэм сахуэщІыуарэт, мы махуэм адыгэ псоми сагигъусарэт жызыІэр къоКІуэ. Аращи, зыми унафэ ищІыркъым а махуэр зэрагъэкІуэнум теухуауэ, ильэс къэс екІуэкІым псори фІыуэ щыгъуэзащ. ЯпэщІыкІэ щІыхуэр щІзэхуос зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ Шахэкіеишхуэ дэтым деж, итІанэ ауэнэт Шахэпэщ Жыгдахэмкіэ (ар «тюльпановое дерево» жыхуиІэрац), кІэльыкІуэу тенджьз фІыцІэ Іуфэ Іуохьэри, псым венокюэр халъхьэ. Іуэхур щаух Мыгу лъэпкъым я фэеплъ мывэхэм деж.

Сыхьэт 12-м псори Жыгдахэ деж щызэхуосыж, адыгэу дунейм тетыр щІымуу щІыщІт дакъикъэм хухахар а щІыпІэращ. Къызэхуэсхэм яхэтщ нэхъыжьхэри, щІалэгъуалэри, Адыгэ Хасэм и Іуэхуэхэр зезыхьэхэри. Абыхэм куэд дыдэу яхьолъагъуэ бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэ. Мыбдежращ жьэрымэр щагъэууэ щагъэшри. Егъэлея, хьэлыншагъэ хэмылъу, хабзэм емыбгакъуэу йокІуэкІ мы Іуэхур. Абы и щыхьэтщ ильэс 20-м кІуриубыдэу зыри зэрамыщІар, хабзэхъумэхэм я Іуэху къызэрахуэну щхьэусыгъуэ ирату.

Мы гъэми апхуэдэу екІуэкІырт. Сыхьэт 12-м ирихьэлІэу щІыху 50 хуэдиз Жыгдахэ деж щызэхуэсащ. ЛІэщІыгъуэ куэд хьауэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэм уцыпхэхуэсыж щхьэкІэ хуит хуейуэ хабзэмкІ кІиргъэувыркъым. А махуэм щІыхуэр лейуи псальэр ирихьэ - мыр пэкІуэкъым, атІэ щыгъуэ Іуэхущ. Нэхъыжьым жиІэпхъэр и ныбжькІэ зытехуэр Шахэкіеишхуэ къуажэм щыщ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Гъуафэ Руслан, Іэ лъэныкъуэмкІэ башым зытригъащІэу, адрей Іэмкіэ лэкъум иІыгъыу псэлъащ, жиІэр нэхъыбэу щІалэгъуэлэм яхуэгъэзащІэ: адыгэ хабзэр, бзэр Іэщ Іыб фымыщІ, ди тхыдэм пщІэ хуэфащІ. Руслан и псальэр иухри, зауэшхуэм хэкІуэдахэм папщІэ дыуэ ящІащ, итІанэ зы дакъикъэкІэ щытащ щыму.

СыхьэтитІ нэхъ дэкІатэкъым, «хабзэр къизымыдзэ» шапсыгъэм я Іуэху зэрахуэу щыщІадзам. Шахэпэ щыщ, «Шапсугия» газетым и лэжьакІуэ Бастэ Айдамир административнэ хабзэм ебэкъуауэ иту участковэм протокол итхащ. Ар ягъэкъуэншащ хуит ямыщІауэ хэр къагъэсэбэпми, автомашинэхэр зэрахъуэкІыу зекІуэми, пІалъэ кІэщІкІэ Налшык къалэм фэтэр къыщащтэми, абыхэм зэрахуэ Іуэхум гу лъатащ наркотикым кІэлъыплъыныжьмкІэ хабзэхъумэхэм.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Абы фІым ухуишэркъым

КъБР-м щыІэ МВД-м и наркополицейхэм яубыдащ наркотикхэр ящІэу шэч зыхуащІа щІалитІ. Ставрополь краймрэ щыщу. Абыхэм къытрахащ N-метилэфедрон синтетикэ наркотик («щыгъу» жыхуаІэр) зэкІуэцІыпІэу 83-рэ. ЩІалэхэм къащта фэтэрым КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэм къыщыгъуэтащ наркотик зэкІуэцІыпІэу 190-рэ. Къапщтэмэ, хабзэм къемызэгъэпу ящэ «щыгъуу» зэ зэхьэлІэгъуэ 1000-м щІигъу къытрахащ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ къызэралъытэмкІэ, синтетикэ наркотикхэр ирагъэкІырт щхьэ «гъэтІылъыпІэкІэ» къагъэсэбэпуэ. ЩІалэхэм иджы я я ящэ къакІуэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Щэхурылажьэ Іэмал-хэр къагъэсэбэпми, автомашинэхэр зэрахъуэкІыу зекІуэми, пІалъэ кІэщІкІэ Налшык къалэм фэтэр къыщащтэми, абыхэм зэрахуэ Іуэхум гу лъатащ наркотикым кІэлъыплъыныжьмкІэ хабзэхъумэхэм.

КъБР-м щыІэ Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хэт Бэрсэдж Анатолэ, Жэмыхъуэ Заур, КъуэщІысокъуэ Хьэжпагуэ, Умэ Светланэ сымэ щыІащ КъБР-мкІэ УФСИН-м и 1-нэ, 3-нэ колониехэм. Абыхэм ящІыгъащ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым УЙС-м цІыхум и хуитныгъэхэр щыхъумэныжьмкІэ и дэІэпыкъуэгъу Текаевэ Ритэ.

КОЛОНИЕХЭМ кІуахэм тезырыр езыхьэкІхэм я псэупІэхэр зрагъэлъэгуащ. Гулъытэ хэха хуащІащ ягъэтІысахэр ерыскъыкІэ, медицинэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщІ, щІакхъуэгъэжьаПІэм щызыІуагъэхуащ тутнакъхэм ягъэхьэзыра ерыскъыр.

КІэлъыплъакІуэ комиссэм и гупым я щхьэ ІуэхукІэ зыкъыхуагъэзащ тезырыр зыпшыным ящІыщ цІыхуитІым. Ахэр щІэупщІащ езыхэр зыщІащ щІыпІэм я тезырыр щрагъэпшыныну Іэмал щыІэмэ, абы ягъэкІуэжьну, медицинэ хэтыгъэхэм къыщІыхьа бжыгъэхэм я Іуэхур нэхъыфІыж ищІащ. Уеблэмэ ахэр зэпеуам хуэдэщ хэт бжыгъэ нэхъ инкІэ и хьэрхуэрэгъур хигъэщІэфми.

ДАУИ, абыкІи нэхъ лъэщІар ди республикэм и нэгъабэрей чемпион, мы гъэми зэхьэзэхуэм бжыпэр быдэу щызыІгъ «Автозапчасть»-рщ. Псынэдахэ къуажэм щыІэу бахьсэнэдэсхэм хэгъэрейхэм я гъуэм топибгъу (!) жэуапынщэу дагъэкІащ. Абы и гъуащхьауэхэм ямыгъэгупэ зы команди КъБР-м и чемпионатым хэту къыщІэкІынкъым. МыпІэну ирикъунщ блэкІа джэгуГъуэ 13-м кІуриубыдэу «Автозапчасть»-р 74-рэ къызэрыхэжаныкІар - ар ику иту топихым нэблагъэ зэІуцІэ къэс хуоэз.

Прохладнэ щыІэу хэгъэрейхэм топих яхудигъэкІащ зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэр щызыІыгъ «Тэрч»м. Я хьэрхуэрэгъуэхэм ахэр жэуапынщэу къагъэнащ.

Ябпэ итхэм закъыкІэрымыгъэхуну хущІэкъуащ «Союз»-р икІи ар абы къеХуІащ. Сэрмакъдэсхэм хьэщІапІэ щыІэу «Бахьсэным» топи 8 худагъэкІащ. Пэжщ, езыхэми пІэунеййра я жагъуэ къащІащ.

Джэгугъуэ блэкІам бжыгъэщхуэкІэ текІуахэм ящыщщ «Псыгуэнсумрэ» - 0:9, «ГорИс-179 Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Тэрч» (Тэрч) - 0:6, «Нарт» (Нарт-къалэ) - «Бедик» (Арщыдан) - 2:3, «Бахьсэн» (Бахьсэн) - «Союз» (Сэрмакъ) - 2:8, «Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Жулдуз» (Хьэсэней) - 1:1, «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Керт» (Къэхьун) - 3:0.

ДызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну къыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм щызэІущІэнущ «Керт» - «ГорИс-179 Прохладнэ», «Союз» - «Родник», «Автозапчасть» - «Псыкуэд», «Велес-СДЮСШОР» - «ЛогоВАЗ», «Тэрч» - «Бахьсэн», «Къундетей» - «Жулдуз», «Бедик» - «Хьэтіохъущыкъуей», «Псыгуэнсу» - «Нарт» командэхэр.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщІхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщІекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	13	12	1	0	74-6	37
2.	«Тэрч»	13	10	0	3	33-10	30
3.	«Союз»	13	8	2	3	46-26	26
4.	«Бедик»	13	8	2	3	27-13	26
5.	«Псыкуэд»	13	6	5	2	30-21	23
6.	«Псыгуэнсу»	12	6	3	3	29-19	21
7.	«Нарт»	13	6	3	4	30-19	21
8.	«Керт»	13	6	3	4	32-22	21
9.	«ЛогоВАЗ»	13	6	1	6	26-23	19
10.	«Велес-СДЮСШОР»	13	5	2	6	24-27	17
11.	«Родник»	13	3	4	6	21-36	13
12.	«Къундетей»	13	3	2	8	19-36	11
13.	«Хьэтіохъущыкъуей»	13	3	2	8	16-36	11
14.	«Бахьсэн»	13	2	1	10	18-54	7
15.	«Жулдуз»	12	0	4	8	13-45	4
16.	«ГорИс-179»	13	0	3	10	10-55	3

Тутнакъхэм я псэукІэр зрагъащІэ



Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къэдзэ **Дыщэкі Соиф**, *редактору* **Жыласа Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Нэжьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплгэр яцІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традэзи хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №768

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласа Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (ягъэзи зыхь секретарь), **Кэрдэн Маритэ, НэщІэпыдэж Замирэ, Хьэжькъварэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэжьІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33